


CHISIMBISO CHAMWARI

 ...?...rungori rwemhando yechinyakare rwataimba narwo makore mazhinji akapfuura, uye tinotenda zvikuru nokuda kwazvo. Zvino ndinoyemura kumwezve kuimba uku, kuimba kwese uku, nenziyo idzi dzakatsaurwa. “Kana ndafamba maira yekupedzisira yenzira, ndozorora pakupera kwezuya.” Ndipo apo, zvichida, ndakangogara hangu pano, pavanga vachirwuimba, ndakatarisa kunze uye ndichiona zuva richinyura; shiri dzose dzichiimbira pasi-pasi uye zvinoronyoro, zvese zvava kuda kupera zvino uye dzaenda kunozorora, mangwana mangwanani dzomuka kune zuva idzva.

² Uye ndizvo zvazviri nehupenyu; mazuva okushanda anokurumidza kupfuura, uye torara zvedu panhowo yedu. Ndinoda kutaura naYe nezuya iroro, kungotaura naYe, ndozvimonera nehanzu dzangu, ndopinda mukamuri iyi, ndichiziva izvi, sezvakataura Mutsvene Pauro wekare, “NdinoMuziva muSimba rekumuka kwaKe,” kuti, paAchadana kubva pakati pevakafa, ndichadanwa pamwe chete navo. “KuMuziva muSimba rerumuko rwaKe.” Kwete kuMuziva neshoko kana nechiiito, asi kuMuziva muSimba rerumuko rwaKe.

³ Ndiyo imwe yetariro yedu—yedu huru manheru ano, uye tariro yoga yatinayo, iri mune...rumuko rukuru irworwo rwaIshu wedu Jesu; uye rumuko rwedu rwekutanga rwatinarwo zvino, kubva murufu kuenda kuHupenyu, nekuva neHupenyu Husingaperi kubudikidza naJesu Kristu.

⁴ Takamirira, uye kumirira kwakabwinyiswa, kwezvisikwa zvose, kusvikira zuva iroro paAchauya kechipiri, kubva Kudenga, Uyo achatumwa naMwari mumwaka wakafanira. Uyezve mitumbi iyi inofa, yatinogomera tiri mairi zvino, ichatora kusafa, “Uye tichashandurwa uye toitwa seMutumbi waKe iYe unobwinya, nokuti tichaMuwona sezvaAri.”

Ipapo chivi nekusuwa, chivi nerufu rwenyika
ino ine rima zvichaguma,
Mukutonga uku kunobwinya pamwe naJesu
kwemakore 1,000 erugare.

⁵ Shiri dzakamirira izvozvo. Miti yakamirira izvozvo. Zvisikwa zvose zviri kukotama nokuchema, zvakamirira nguva iyoyo, zvichigomera kuti zvishongedzwe.

⁶ Kasikana kangu kadiki, nguva shoma yapfuura, kakandibunza mubvunzo. Kakati, “Baba, ko nyika ino yaive yakamira sei Mwari pavakapedza nayo?”

7 Ndikati, “Yaive yakanaka, mudiwa. Yaive yakanaka.” Uye ndakati, “Rimwe zuva ichava saizvozvo zvakare, kana chituko ichi chabviswa. Uye zvakare ticha . . . Ichange yakaita sezvayaiva pamavambo, paradhiso huru yaMwari.”

8 Zvino, tichipinda zvino pabasa. Ndanga ndiri kufunga zvino, husiku hwekutanga . . . Huno ndihwo husiku hwechitatu hwerumutsiriro rwedu rwuduku. Uye hatisati tava nembuserere yekunamatira vanorwara. Ndewekungodekara, tongoratidza manzwiro edu, uye nokudzidzisa Evhangeri nenzira yechinyakare; Vhangeri rimwe chetero randakadzidzisa pano, makore mazhinji, kwazvo akapfuura, harisati ramboshanduka nepadiki pose. Ndizvozvo chaizvo, ingori Evhangeri imwe chete, isina kana kuvandudzwa zvishoma kana kukwenenzverwa; ingori Evhangeri imwe cheteyo.

9 Kunze mushumiro, tiri vanosanganisira mamwe masangano ese, pahwaro hwekuti dzinoitirwa mumaodhitoriyamu uye masangano mazhinji akasiyana-siyana evanhu vachiuya pamwe chete, unoita sekuzvidzora pakutaura Dzidziso; asi kusara kwakupodza kwaMwari, uye, honguka, kugamuchira Ishe Jesu. Asi kana uri mumba mako, sechechi yekumba pano, unongonzwa sekungoti wochitongobvisa hako kora yako, uye unongoparidza zvaunongofunga kuti ndizvo zvakanaka, uye ndizvozvo.

10 Uye nguva zhinji, muno, tine, nguva zhinji, vanhu havabvumirani. Hatingatarisire kuti munhu wese abvumirane nesu paDzidziso dzedu dzechechi nezvinhu zvatinazvo. Asi tinogona kunge tiri zvimwe chete, sezvaparidzwa nemufundisi wenyu, asi zvakadaro vanongoramba vari hama yangu. Musarega kuzvikoshesa. Uye munhu wese anotarisa zvinhu nemaonero akasiyana.

11 Uye muvhiki rino, ndichiona kuti ndatozokanzura vhiki rekuva muCanada, nekuda kwedutu rechando, handiti, zvinondipa mukana wekuuya kuno, kutabhenakeri, kurumutsiriro rwehusiku hushoma, rwandakavimbisa pandakaenda. Uye ndakazvivisa, kuti pakanga pasina . . . “pasina shumiro yekunamatira vanorwara; kungori kuparidza Evhangeri chete.” Kungo . . . Uye pane izvi, ndichiona, ndakafunga kuti pamwe taizatora husiku hushoma paMazera Manomwe eKereke. Nokuti ndinotenda zvirokwazvo kuti tiri kurarama muzera rekupedzisira rekereke, zuva rekupedzisira, Kuuya kwaIshe Jesu kwave kusvika.

12 Ndinogara ndichiedza kuzviyera ini pachangu, chechi diki pano, chero kupi kwandaitaura, nokuda kwekuti Ishe veKudenga vakanaka vakandipa kashumiro kadiki keku, kekudivi rechemweya, sekunzwisisa kwamunoita. Zvino vanhu vanobatirira pashoko rako, uye—uye saka ndi—ndinofanira kungwarira chaizvo mashoko andinotaura. Nokuti, kana Mweya Mutsvene wakapa simba iri rekuona zviratidzo nekunzvera,

izvo zvisina mubvunzo, uye vokunzwa uchitaura, vanonzwa kuti une mamwe maonero ezvauri kutaura nezvazvo, kana kuti Mwari havambofa vakaropafadza mhosho uye voitumira kunze saizvozvo. Maona? Saka zvino unofanira kunyatsongwarira, nokuzviyera maringe neShoko, nguva dzose. Uye mune izvozvo, kana ndikakanganyisa, ndinokumbira kuti Mwari vandiregerere, nokuti handirevere kuti ndidaro. Uye ini . . .

¹³ Uye chero nguva, mukudzidzisa, uye kunyanya muzvidzidzo zvakadzika zvatiri mazviri zvino, uye nezuro manheru pa*Munembo WeChikara*, nezvidzidzo zvakadaro, uye manheru ano e*Chisimbiso chaMwari*, mucherechedzo waMwari, nezvimwe vakadaro, ndinonzwa kuti pamwe, ndinogona kuva nevakawanda vangaita sekusabvumirana neizvi, pane zvandinodzidzisa pazviri. Asi ndinoedza kuzviita se . . . ndisina chechi ipi zvayo yandiri kuZvinangisa, sangano ripi zvaro, kana munhu upi zvake, kwete zvachose. Mwari vanozviziva izvozvo. Zvingori muChiedza chandinodzidzisa zviri, ndiwo matauriro andinozviita.

¹⁴ Uye hakuna chechi inodana Zita raShe Jesu yandisingadi. Hapana munhu angadana Zita raVo, kana kuva neruremekedzo naVo, wandingazotadza kuenda kurufu rwangu chairwo kuti ndivaitire chimwe chinhu. Ndizvozvo chaizvo. Zvisinei kuti vakapfeka mhando yechinamoto chakadini, ingave Methodisti, Baptisti, Katorike, chero zvaingava, hazvingave kana nebasa diki zvaro kwandiri, ndizvozvo, chero bedzi vaine ruremekedzo kuna Ishe wangu.

¹⁵ Asi, zvino, pane Purani. Uye zvino chechi yega-yega inodzidzisa, zvichida, dzidziso yavo yebhaibheri ndeyechechi iyoyo, vachitenda kuti hwaro hwayo huri paPurani yacho. Saka, zvino, nguva zhinji, mukuona zvinhu izvozvo, kuti haisingori nzira yandinoverenga nayo Purani, saka naizvozvo ndine kodzero muchechi yangu ini kutaura zvandinofunga kuti ndizvozvo.

¹⁶ Pano imwe nguva yapfuura, mumwe kondirakita . . . Ndakanga ndiri kuMilltown, kuMilltown Baptist church, uko kwatakava nerumutsiriro. Uye Hama Wright nemi mose, ndinofunga, munorangarira Marion Lee. [Hama George Wright vanoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino akagumbuka zvikuru pamusoro pechimwe chinhu chandakadzidzisa pamusoro perubhabhatidzo rwemumvura. Zvino, akaenda kumba, uye akanga akashatirwa nazvo. Zvino akanga ari kondirakita.

¹⁷ Husiku ihwohwo akarota hope. Ishe vakamuratidza kuti akanga achivaka imba, uye aifanirwa kuisa hwindo rakabudikira kunze pairi. Zvino saka panzvimbo yekuisa hwindo rakabudikira kunze pairi, akangoisa vharanda, akati, “Zvichange zvakanaka.” Saka muridzi wemba paakauya, akati, “Iputsire pasi kusvika panheyo; wotangisa patsva.”

¹⁸ Saka akanga adzidziswa chimwe chinhu chakasiyana nechakadzidziswa neBhaibheri, saka akati, “Ndochitongopaza nheyo yacho ndoivaka patsva zvakare.” Ndakaenda naye kumba husiku ihwohwo, ndikagara husiku hwese kumba kwake. Saka zvino isu . . .

¹⁹ Ichokwadi. Inofanira kuiswa. Uye, kudzidzisa zvidzidzo izvi, handisi mudzidzisi. Asi mune zvandinoziva pamusoro paZvo, ndinofarira kuZvitsanangurira vamwe, nekuyanana paShoko, apo Mweya Mutsvene uchiZviita kuti zvive mazvirokwazvo kumoyo yedu. Uye saka tinongova nenguva huru yekuzviita.

²⁰ Uye kungoita sekuzorodza mufundisi wedu anodikanwa pano, Hama Neville. Kana pane vaenzi pakati pedu; murume uyu, *pano*, ndivo mufundisi yedu, Hama Neville, munhu waMwari, muranda wechokwadi waIshe Jesu Kristu. Handizvitaure nokuti vakagara pano. Ndinovaitaura vasipo, kana chero kupi zvako, vanga vakangodaro kubva pandakavaziva. Vakanga vari muMethodisti chaiye, uye ndakanga ndiri muBaptisti chaiye, asi takanga tiri hama pamwe chete, naizvozvo tose takazova vaumburuki vatsvene. Zvakanaka, handizvo here, hama? Amen. [Hama Neville vanoti, “Ameni. Hareruya!”—Mupepeti] Saka tinomira mukuwirirana.

²¹ Zvino, isu, tiri kuva nenguva inofadza nenzira iyi, “Tichingova nekuyanana mumwe nemumwe, apo Ropa raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, rinotichenesa kubva mukusarurama kwose.” Saka tiri kuva nenguva yakanaka kwazvo, uye tinotenda zvikuru vaenzi vari pakati pedu, manheru ano, pano.

²² Rumutsiro rwedu rwudiki, ndinofungidzira kuti munoshaya kuziva kuti sei rwusina kushambadzwa. Zvino, yaingova nguva duku yejubheri yechechi yedu pano, uye ndicho chikonzero isu zvichida pamwe . . . Handizive kuti Mweya Mutsvene uchatungamira sei, asi pamwe humwe husiku, tisati tavhara pano, tinogona kuva neshumiro yekunamatira vanorwara, kana Ishe vachitendera. Uye saka ndinovimba kuti Vachazviita.

²³ Ndinofanira kudzokera kuCanada zvino, kuti ndienderere mberi nerumutsiro. Uye sekuziva kwedu tese, tine chirongwa chine zviitiko zvakawanda zvikuru, chakazara kusvika panguva yekuenda mhiri kwemakungwa. Uye hurongwa hwacho hwakatoitwa kare, kutangira muDurban, South . . . muJohannesburg, South Africa, muna Gunyana, zvichida musi wa 3. Uye zvakare tozobvapo tichienda muDurban; nekuIndia; nekuPalestine; neLuxenburg; neFrankfurt; neTransjordan; uye nekweise ikoko. Tozodzoka kumba kana Ishe vatungamirira pakudzoka, paVanotiudza kuti tichidzoka. Zvino vari kugadzirira humwe hurongwa hweNew Zealand neAustralia,

uye nekudzika neikoko; neuko kumabvazuva, kuJapan, nenyika idzo dziri ikoko.

²⁴ Ndinonzwa kuti machechi mazhinji munharaunda ino, umo vanhu, oo, ini zvangu, vanongoita zvekutorerana nhengo, mumwe nemumwe, uye, zvakadaro, zviuru zvevanhu hazvisati zvakatombonzwa nezvaJesu kekutanga kacho. Uye saka ndinonzwa kuti...Manzwiro angu, pachangu, ibasa rangu kuendesha Mharidzo kwavari, nokukwanisisa kwandinogona. Uye zvino pandiri... .

²⁵ Regai nditaure zvakare zvino, nokuti, vagere pano, maMethodisti, maBaptisti, maKatorike, maPresbyteriani, maPentekosti, maPilgrim Holiness, maNazarene, vakagara pano, uye ndizvo zvatakaitwa...Ndinotenda kuti ndizvo zvichange zviru Kudenga, sekudaro, boka redu rose takagara ikoko.

²⁶ Uye zvino pamharidzo idzi, se*Munembo Wechikara*, uye nhasi apo zvapaine nyonganyonga yakadaro... Makazvinzwisisa here, manheru apfuura? Kana makazvinzwisisa, itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino tichataura manheru ano pamusoro pemucherechedzo waMwari, kana kuti, *Chisimbiso ChaMwari*. Zvino tinocherechedza... .

²⁷ Zvino, handisi kungoedza kuparidza kubva mumaBhaibheri 2; rimwe chete rine zvakawanda. Asi ndine rimwe rawo pano nechinangwa chezvinyorwa zvekuzasi, nezvimwe zvakadaro, zvekuverenga, kana mumwe munhu akazobvunza mumwe mubvunzo. Uye zvino, mangwana manheru, kana Ishe vachitendera, mushure mekuperidza... .

²⁸ Husiku hwekutanga, pa*Mazera Manomwe eKereke* tichiona pataive tiri, patiri, maererano nenzvimbo, muzuva ratiri kurarama.

²⁹ Husiku hwapfuura, pagororo gurusu riri munyika, *Munembo Wechikara*.

³⁰ Uye, manheru ano, paropafadzo gurusu riripo munyika, *Chisimbiso ChaMwari*.

³¹ Mangwana manheru, ndiri kuzokupai mukana wekundipfura, zvino. Mangwana manheru mibvunzo, uye nezvinhu zvamusinganzwisise maererano nezvakaparidzwa. Mange muri varume nemadzimai akanaka zvakakwana, kana Mukristu akakwana, ndingati, kuti munyarare munguva dzeshumiro. Ndinoda kuti munyore, mangwana manheru pamunouya kuchechi, uye mouya nekukurumidza kwamunokwanisa, nokuti ndinofanira kukurumidza kuuya kuzoverenga nokuupindura, zvezviri mubvunzo wenyu maererano neGwaro.

Zvino Svondo mangwanani iSunday school yemazuva ose.

³² Svondo manheru, zvichida Svondo manheru, ishumiro yerubhabhatidzo. Kune vamwe vanhu vanofanira kubhabhatidzwa. Uye zvakare Svondo manheru, zvichida, tichava pamwe nemharidzo yeEvhangeri kana shumiro yekunamatira vanorwara. Tichaona chero izvo Ishe vachatungamira zvevanheru iwayo, manheru eSvondo, mharidzo pamusoro peizvozvo.

³³ Zvino tinoona, tisati tasvika pane izvi, kuti, “Hakuna munhu Kudenga, hakuna munhu aive panyika, kana munhu pasi penyika, akanga akakodzera kutora Bhuku, kana kuRivhura, kana kusunungura Zvisimbiso zvaro.” “Hapana munhu!” Johane akazviona muna Zvakazarurwa. Uye tiri kudzidzisa Zvakazarurwa zvino. “Zvino Johane akachema. Asi kwaiva neGwayana rakanga rauraiwa, kubva pamavambo enyika; ndiRo rakanga rakakodzera kuuya nokuzotora Bhuku kubva muruoko rworudyi rweUyo agere paChigaro chehushe, nekuzarura Bhuku, nekusunungura Zvisimbiso zvaro.” Uye Gwayana iroro, honguka, rakanga riri Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Uye zvino kana Ari iYe oga akakodzera. . .

³⁴ Akambogara pano nesu, panyika, muchimiro cheMunhu. Mwari vaigara muMwanakomana waVo, Kristu Jesu, seMunhu ari Mwari.

³⁵ Zvino Akadzokera muKubwinya, achisiya Shoko iri, “Kwechinguvana uye nyika haichazoNdiona zvachose. Asi zvakadaro, imi muchaNdiona, nokuti Ndichange ndinemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Mweya Mutsvene Pauzima, Mwari, vachidzoka muchimiro iVo...Jesu akati, “Ndakabva kuna Mwari; Ndinoenda kuna Mwari.” Akabva muna Ziyendanakuenda, akadzika ndokupinda munguva; akabuda munguva, achidzokera muna Ziyendanakuenda.

³⁶ Zvino nyika haina kuMuziva. “Akanga ari munyika, nyika yakagadzirwa naYe, uye nyika haina kuMuziva. Asi vazhinji vose vakaMugamuchira, ivo. . .akavapa simba rokuva vanakomana vaMwari.”

³⁷ Uye, zvino, zvino Jesu Kristu anesu, “Kwechinguvana nyika haichazoNdiona zvachose, asi imi muchaNdiona.” Zvino kuchava nenyika isingazoMuoni, uye pachava *nemi* vanoona. “Nokuti iNi,” *iNi* chisazitasingwi, “Ndichava nemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika. Uye *imi*,” mutendi, “muchaNdiona kusvikira kumagumo chaiwo enyika.”

³⁸ VaHebheru 13:8, yakati, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Mutarisei musimba raKe, Ishe Jesu mumwe chete, rudo rumwe chete, zvishamiso zvimwe chete, zviratidzo zvimwe chete zvakaMutevera, zvichiramba zvichienderera mberi. Ari muMutumbi wakavanzika zvino,

Mutumbi wevakamutswa, kubva kuchivi kuenda kuHupenyu. Anogara mavari.

³⁹ Mwari muKubwinya kwaVo kukuru, Mwari vachizveredza, vachibva muShongwe yeMoto, isina munhu aigona kubata, ndokudzika kupinda muchimiro chenyama yemunhu maaigona kubata, asi Akaberekwa nemhandara. Zvino, kunze uko, achipa hupenyu hwaKe kuti arovererwe, kuti achenese munhu ane zvivi, uye Aizokwanisa kugara pakati chaipo pevanhu. Rudo rwakadini urwo Mwari vanarwo kumunhu, kuti VakaZvibhedhenurira pasi, kugadzira nzira yakacheneswa yaVaigona kurarama uye vova nerudo pakati pevarume nemadzimai. Zvakaisvonaka. Hongu. Ndivo Baba vedu ivavo.

⁴⁰ Ngatitaurei naVo iko zvino, Munyori wacho weBhuku, tisati tavhura mapeji.

⁴¹ Baba vedu Vekudenga vane mutsa, tinouya kwaMuri, manheru ano, nenzira yakavimbiswa kwatiri, “Kana mukaNdikumbira chero chinhu muZita raNgu, Ndichachiita.” Saka hatina kururama, hatina chatinogona kupa, tinouya chete muZita raIshe Jesu, tichiziva kuti Makavimbisa kutinzwa kubudikidza neZita iri.

⁴² Zvino tinoKukumbirai, tichiziva kuti tine pano, pari kuongororwa manheru ano, chimwe chezvidzidzo zvakakosha zvezuva rino, *Chisimbiso ChaMwari*. Baba, tinonamata, Ishe, tichiziva kuti boka duku iri revanhu rakaungana pano, kana ndikavatsautsa, ndichazvidavirira paZuva reKutongwa. Uye manheru apfuura, pamusoro, pe*Munembo WeChikara*. O Baba, tinonamata kuti Mutungamirire nekuendesa Mashoko iwayo. NgaRirege kudzoka risina chinhu, asi ngaRizadzikise chinangwa chaRakatarirwa paRakanyorwa muBhuku.

⁴³ Uye zvino huyai, iMi Mutsvene, torai Shoko raMwari kubva muBhaibheri, Ritaurei kubudikidza nemiromo inofa, kunzeve dzinofa, uye dzingisai zvose kutaura nekunzwa, kuti tigokwanisa kuzadzikisa chimwe chinhu nekuungana uku pamwe chete, manheru ano, tichiziva kuti panogona kuva nevamwe pano, kana nyika ikamira rimwe gore, vachazenge vachisiri vanhu vanofa panyika.

⁴⁴ Uye zvino tiri paimba yekugadziriswa, paimba yaMwari, patinofanira kumira kuti tigadziriswe. Uye dai Mweya Mutsvene wandigadzirisa, uye wavhara muromo wangu, sezvaMakaita muromo weshumba, pana Dhanieri. Uye Munoziva moyo wangu, kana ndikataura shoko rimwe rinopesana kana mandiri ini pachangu. Dai Mweya Mutsvene wazodza Shoko rose. Ndongomira semudziyo usina chinhu; uye dai Wataura Shoko raMwari, manheru ano, nokuti mwoyo yedu ine nzara inoshuva kunzwa kubva kwaUri. Uye dai iYe, Akanyora Bhaibheri,

auya kuzoRidudzira kuvaranda veNyu vakazvininipisa pano. Tinokumbira muZita raJesu. Amen.

⁴⁵ Zvino pakanheyo kadiki, kepokutangira manheru ano, napo, *Chisimbiso chaMwari*.

⁴⁶ Musakanganwe, mangwana manheru, tinoda kuti mutore mubvunzo wenyu. Uye mounyora zvakajeka, mouisa papuratifomu, nokukasika, kana papurupiti, nokukasika kwamungagona. Zvino chidzidzo chikuru ichi chatakava nacho manheru apfuura. . .

⁴⁷ Husiku hwekutanga, hwamarimwezuro, yaive Chechi nezera rechechi, kuona kwatakaita Jesu amire pakati peZvigadziko zvemwenje Zvinomwe Zvendarama, akaita sedombo rejaspisi neresadhio, mavambo nemagumo, Rubheni naBhenjamini. Munoono zvigadziko zvamakenduru 7, kana kuti zvigadziko zvemwenje 7 zvimire, nemuraraungu pamusoro pazvo, sesungano, uye nemaonekero aKe. Zvino Inzwi raKe rakanga riri Inzwi remvura zhinji, vose Kristu neChechi, vachitaura pamwe chete; nebhanhire rendarama riri nechepachipfuva cheChechi, yakafukidzwa, yakabata, Evhangeri yakabata kururama kwaKristu pamusoro peChechi. Vakamira panheyo yendarira, kutonga kwaMwari; Mwari vakadurura kutonga kwaVo Kutsvene pana Kristu, uye Akatambudzika, asina mhosva nokuda kwevane mhosva.

⁴⁸ Zvino, tichiona kuti zvakatanga sei nechechi yeEfeso; tevere zera rechechi rechipiri; zera rechechi rechitatu; zera rechechi rechina, makore 1,500 amazera erima; zvichibuda nemuZera rechiLutherani; uye neZera reFiraderfia; uye zvichidzika muZera reRaodhikia, zera rekupedzisira.

⁴⁹ Tichiona muTestamende Yekare, kuti vakafananidzirwa sei zvakakwana pakutanga, muna Soromoni, zvichienda zvichidzika nemunguva yaAhabhu, zera rerima. Ndokuona, saJezebheri, Ahabhu, muparidzi wepamuganhu, kana murume aiti nhasi aripo mangwana haapo. Sezvakangoita nhengo zhinji dzechechi dzinongova nekakudziya nhasi uno, vanhu, nhasi varipo mangwana havapo; vari muchechi nhasi, mangwana unogona kuvaona chero kupi zvako; vachirerutsa, vakaregedzera, vachifambidzana nyenya, asi vachizviti Makristu. Zvino Ahabhu, ari muchinhano ichocho, akakwezvwa nemukadzi mudiki akanaka pachiso, kunyangwe aive akaipa zvikurusa. Uye akachata naye, ndokuunza kunamata zvifananidzo muIsraeri, munguva chaiyo yerima gurusa yeIsraeri, zera rerima. Zvino, tinoona kuti vakabudamo vaine chigadziko chendarira, uye zvichingoenda vachibuda, uye vakazopedzisira vadziya, kusvikira Mwari vakavasvipa kubva mumuromo maVo ndokugamuchira Marudzi.

⁵⁰ Uye zvino tinoona kuti vakatanga kusuduruka kubva pamavambo, Chechi ye—yeEfeso, pamavambo, muzera

rechechi; zera rechechi rakatevera rakatanga kutonhora nekuita kakudziya; ndokunopinda, zvino, muzera rerima. Uye sezvakangoita se—sepazuva iroro, Ahabhu achiroora munamati wezvifananidzo, Jezebheri, ndokuunza kunamata zvifananidzo muIsraeri; zvino chiProtestanti chakaroorana nechRoma, chiKatorike, zvikaunza kunamata zvifananidzo muhechi. Ndokubuda kubudikidza nemuna Martin Luther; zvichidzika nemuna John Wesley; zvichinopinda muPentekosti; uye ndokubuda, vasvipwa kubva mumuromo maMwari; uye Mwari vanodzokera kumuJudha zvakare, zvakangokwana chaizvo.

⁵¹ Zvino, ndinoziva kuti ndiri... Unoti, zvino, ndiri munhu anofananidzira. Ndizvozvo. Nokuti, ndi—ndinoziva chinhu chimwe, kana ndiri kuenda kune mumvuri wangu uye ndoona zvakaita mumvuri wangu, ndinoona neimwe nzira mataridzikiro angu; kana ndiri mhuka ine makumbo 4, kana shiri ine minhenga, kana chero zvachiri, chinopa mumvuri.

⁵² Zvino Testamende Yekare yaiva mumvuri weItsva. Takava nazvo manheru apfuura, muna Zvakazarurwa 12, mudzimai aive nemurairo pasi petsoka dzake, mwedzi nezuva pamusoro wake, uye mufananidzo. Kuti, zvinhu zvose izvozvo, VaHebheru chitsauko 11 inotiudza, zvose zvaiva mifananidzo nemimvuri. Ndinotenda kuti, VaHebheru 12, ichiti iyo, “Tichiona kuti takakombwa negore rezvapupu rakakura kudaro, ngatibvisei zvose zvinorema, nechivi chinotivhiringidza zviri nyore, kuti timhanye nekutsungirira nhangemutange yatakaisirwa mberi kwehu.” Zvino, takaona zvinhu izvozvo. Zvino manheru apfuura...

⁵³ Takatora kumashure kuno, kuti tione, kana kuti—kana kuti, manheru emarimwezuro. Tinoona zvino, kuti, chechi yekutanga, kuti yakatanga sei, yakavambwa uye yakatangira paZuva rePentekosti, apo Mweya Mutsvene wakadururwa pamusoro pevatendi. Uye takaona kadaviriro kevatendi ava, uye maitiro aWakaita pavari, nezvavakaita, nezviratidzo nezvishamiso zvakavatevera.

⁵⁴ Zvino tinoona kuti, pakupera kwezera iroro rechechi, makore angangoita 300, vakamutsa dzidziso yakatsauka pakati pavo, inonzi, “dzidziso yeva—yevaNikoraiti.” Zvino tinoona kuti, zvaive “zviito,” pakutanga kwacho.

Muzera rechechi rakatevera, yakazova “dzidziso yechinamato.”

Ndokubva kwazova ne “kutambudzwa,” muzera rerima.

⁵⁵ Ndokubuda kune rimwe divi, neche kuno uku, ndokuona kuti zvakazobuda chaiko nemachechi echiProtestanti akabuda.

⁵⁶ Tozobva tadzokera zvakare zvino toona kuti kudziya kwese kuri apa pakuguma kwezera, kurutivi *urwu*, kuti zvose zvinozotonhora sei. Sezvakangoita pasi pemaJudha, ndizvo

zvairi kuitawo pasi peMarudzi; ichtonhora pairi kuenda nenzira *iyi*, mumvuri, ichidzima.

⁵⁷ Sezvazvaiva, mazuva aWesley, zvino takazviunza izvozvo manheru apfuura, naLuther. Rwaiva rumutsiriro rwukuru chaizvo rwamakava narwo, asi, chikamu chakatevera, yakatanga kutonhora. Chikamu chakatevera chacho, ndokuwedzera kutonhora. Uye zvino changova chitsamha chezvitendwa nezvimiro. Ndizvo zvoga zviripo kwazviri. Maona? Uye ndiyo nzira yazvanga zviri munzira yese. Saka zvino takazvidzidzisa izvozvo.

⁵⁸ Zvino, nepedyo zvino, teerera, kuti muve nechokwadi chekurangarira. Handisi kupomera vanhu vechiKatorike, uye handisi kupomera vanhu vechiProtostanti, nokuti kubva mavari vose uye naivo vose kunobva Mbeu yaMwari, nokusanangurwa. Avo vakatemerwa kuHupenyu vachaHuona uye vofamba maHuri. Avo vasingagone kuona, vanofamba murima. Zviri kuna Mwari. Mwari vanozviita. Vakapika uye vakavimbisa Abrahama kuti Vaizomuponesa pamwe neMbeu yake. Zvino, kana uine Mbeu yaAbrahama, une Hupenyu Husingaperi, ndizvo zvoga, uye muri vadyi venhaka maringe nevimbiso. Uye zvose zviri kubudikidza nenyasha uye nekusanangura kwaMwari.

⁵⁹ Zvino cherechedzai, mune izvi pano. Uye ini dzimwe nguva ndinongova . . . zvichida ndikaparidza zvakananyanya, kana kudzidzisa zvakananyanya. Ave makore. Uyu ndiwo musangano wekutanga wekudzidzisa wandava nawo, kwemakore angaita 8. Zvino wangove zvishoma, zvichida wava netungura pauri, mune dzimwe nzvimbo. Chero nguva muri—muri . . . Ndibvunze chero mubvunzo waungada; wouisa papuratifomu, kana papurupiti, uye ndichafara kuuwana.

⁶⁰ Zvino cherechedzai. Asi zvose zvandinoziva pamusoro paYo, handina kumboDzidziswa nemunhu, neseminari. Ndakanamata kusvikira ndawana chizaruro chaYo, uye yaifanira kuenderana neShoko raMwari.

⁶¹ MuTestamende Yekare, vaive nenzira 3 dzekuziva shoko. Nzira yekutanga yavaizoziva nayo, yaive yakanyorwa pamurairo; chinhu chinotevera aive muporofita; kana kuti chinhu chaitevera chaiva Urimi neTumimi. Zvino chero mudzidzisi upi zvake anoziva kuti Urimi neTumimi yaive chii. Yaiva chi—chiyedza chaipenya pamusoro pechidzitiro chechipfuva chaAroni, chavakanga vaturika mutemberi. Zvino, kana muporofita akaporofita, uye Chiedza chorega kupenya paUrimi neTumimi, zvakanga zvisiri izvo. Ndiyo yaive mhinduro Tsvene yaMwari, “Zvakanga zvisiri izvo.” Zvino kana ivo . . . Kana muroti akarota hope, uye dzikasapenya paUrimi neTumimi, dzaininge dzisiri idzo.

⁶² Zvino, Urimi neTumimi yakabviswa, mupfungwa iyoyo, asi *iRi* ndiro Urimi neTumimi yaMwari zvino, Bhaibheri.

Kana muporofita, kana muroti, kana chingava chii, kana mudzidzisi, asina kuvakira dzidziso yake chaipo pane ZVANZI NAJEHOVHA, handizvitende, munoona. Zvinofanira kuuya *Pano* apa chaipo, kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa, kwete panzvimbo imwe chete. Zvinofanira kuuya kubudikidza nemuBhaibheri nekuIbatanidza chaizvo pamwe chete. Hongu, changamire. Inofanira kufambirana nemamwe aRo ose, nekuRibatanidza pamwe chete. Kana ukasadaro, unogona kutora chinhu chimwe woti ipurigatorio, woparidza chiKatorike kubva muBhaibheri. Asi zvinofanira kudyardzana zvizere kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa, zvojekesa mufananidzo wacho. Ndizvozvo.

⁶³ Uye Mweya Mutsvene ndiWo Unokugadzirira mufananidzo uyu, kana ukangoUtendera kuti uzviite. Uchakutungamirira muChiedza chose. Bhaibheri rakataura kudaro. Jesu akati Waizozviita.

⁶⁴ Zvino cherechedzai se...Zvakare, zvino, tinowana zvavakaita ikoko. Zvino, mushure mechinguva, vakava nedzidziso. Vakava nekutambudzwa. Vakabuda.

⁶⁵ Zvino tinobva tazona, kuti muzuva rino zvino, kuti Bhaibheri rakafanotaura kuti pachazova nenguva apo vanhu vachazogamuchira mucherechedzo, uye nemunembo wechikara.

⁶⁶ Pese panongoitika kamwe kanhu munyika, munhu wese aitoti, “Ndiwo munembo wechikara iwoyo.” Apo yekare...Ndakanga ndichangogadzwa muचेची yeBaptisti, pandakanzwa nezveN.R.A. Zvinoka, munhu wese akati, “Ndiwo munembo wechikara iwoyo.” Uye zvino zvese zvaitanga ipapo, “Munembo wechikara iwoyo.”

⁶⁷ Uye zvino vanoti, “Heino Russia ichiuya, communism, ndiyo munembo wechikara.” Asi, inhema. Haisiyo munembo wechikara. Bhaibheri rinotaura kuti munembo wechikara chii. Munembo wechikara haisi nyika huru inopesana nekunamata inopesana nenyika inozosimuka saizvozvo. Communism haisi Russia; communism mweya. Ndizvo chete...Hatifanirwe—hatifanirwe kutombonetseka neRussia.

⁶⁸ Kuora kwedu isu pachedu ndiko kuri kutiuraya. Communism ichifamba pakati pemachechi edu nezvimwe zvese, munozviza izvozvo, muzvikoro zvedu, mudzimba dzedu, kwese-kwese, munyika yedu. Chinhu chacho chose changodyiwa nehonye. Kuchobora-chobora kwedhimba paapurosi hakurikanganise; igonye riri pakati muapurosi rinorikanganisa. Ndizvo zvazviri, kunongova kuora kuri pakati pedu isu. Tichienda, tichizvidana kuti Makristu, uye tichiita senyika, nekupfeka senyika, nekutora zvemunyika, uye tichizvidana...Nyika yatofinhikana nezvakadaro. Uye isingori nyika chete, Makristu mazhinjiwo futi, zvakare. Hongu.

⁶⁹ Ndagara ndichiti, “Mwari itai kuti zuva iri rigovapo iro vanhu vachava zvavanofanirwa kuva. Kana ndaipesana naVo, ndaizoti ndinopesana naVo, ndaizopesana naVo mune zvese zvandaigona kuva.” Asi ndiri waVo, uye ndinoVada, uye ndinoVatenda. Uye—uye hupenyu hwangu huri mumaoko aVo, kuti ndiite chero chaVanoda, nokuti ndinotenda kuti Chikristu iChokwadi. Ndizvozvo chaizvo. Ndinotenda kuti iChokwadi.

⁷⁰ Mukufamba munyika, nokuiona iri muzvitevedzwa zvakasiyana-siyana, nezvimwe zvakadaro, vavambi vavo vose vakafa uye vavete muguva, uye vane dzidzo yechinamoto. Ndipo poga panongosvikwa nechechi yeChikristu nayo, zvisinei hazvo.

⁷¹ “Asi avo vanoziva Mwari wavo vachaita mabasa makuru.” Uye Simba raJesu Kristu akamuka kuvakafa rinogara mumunhu. Ndizvozvo. Haana kufa; Akamuka. “Ndichava nemi, kunyange mamuri, uye zvinhu zvaNdinoita muchazviitawo.” Hongu, changamire.

⁷² Zvino nyika inotarisa yoti, “Kupengereka.” Makaona patakazvitora manheru apfuura, nerubatsiro rwaMwari.

⁷³ Zvino, tinoona kuti chinhu chekutanga chakambosimuka kuumba chero chimiro chechikara, zvachose, kana kuti... *Chikara* zvinoreva “simba.” Takapinda nemumifananidzo nezvose, manheru apfuura, kuratidza kuti chikara chaiva simba. Uye hachina kubuda kubva muRussia. Chakabuda kubva muRome. Ndizvozvo. Chakabva kuRome.

⁷⁴ Uye rakanga risiri—rakanga risiri boka revarume. Rakanga risiri sangano rezvematomgerwo enyika. Rakanga riri sangano rechinamoto. Yaiva chechi “inogara pamusoro pezvikomero 7,” nemurume 1 aiva nesimba pamusoro penyika yose, imomo. Ndizvozvo chaizvo. Uye tinoona kuti aive mudzimai, ndokumufananidzira zviripachena. Ndisingatore dudziro yangupachangu; ndichingoverenga Bhaibheri chete. Kutipachena, hapana imwezvimbo munyika, hapana rimwe guta pasi rose, rinotonga pamusoro penyika yose. Munyika imwezvimbo neimwe, muhwezva iwoyo wechiRoma unobuda sezviginwe 10 zvemuchiratidzo chaDhanieri, uye takaona kuti iroro raiva Guta reVatican.

⁷⁵ MaKatorike akatendeka angangoita kana kudarika dhazeni aive pano manheru apfuura. Vakagara zvavo vanyerere vachiteerera. Vakaperera. Vane nzara.

⁷⁶ Zvino, haugone kuita nharo nemuprisita. Haaite nharo, nekuti, muprisita, “Kana chechi ikataura chimwe chinhu chakasiyana neBhaibheri iri, chechi ndiyo iri raiti.” Kwandiri, Bhaibheri ndiro riri raiti uye chechi iri kukanganisa. Maona? Haugone kuita nharo navo. Ivo, une... Hapana nzira yekuita nharo nayo. Hapana nzira yekukurukura kana kuita nhaurirano. Nokuti, vanotenda kuti, “Zvinotaurwa nechechi, ndizvozvo!

Ndizvo zvazviri, zvinotaurwa nechechi, zvisinei kuti Bhaibheri rinoti kudii. Ndeizvo zvinotaurwa nechechi!” Ivo vanotenda chechi. Isu tinotenda Bhaibheri.

⁷⁷ Zvino tinoona kuti yakadanwa... Chechi yaive mudzimai. Uye yakabva yanyatsodanwa kuti dyoo, nezwi rinonyadzisira chairo rekuti “CHIPFEVE,” uye yaiva “AMAI VEMHOMBWE.” Uye tinoona kuti kereke yeKatorike ndiyo yaive mai chechi yekutanga. Inotova chaizvo zwayakataura kuti yaive. Ndiyo chechi yekutanga kuva sangano. Mwari pavakamboronga chinamato, yaive kereke yeKatorike. Sangano rekutanga rakamboitwa pasi rose, rechinamato cheChikristu, kereke yeKatorike. Zvino... .

⁷⁸ Uyezve, pakupedzisira, yakanga iri “AMAI VEMHOMBWE.” Yakabereka makereke, shure kwayo, nokuti havaigona kunge vari vakomana, vaifanirwa kuva vasikana, uye tinoona kuti chechi yeProtestanti chibereko chekereke yeKatorike. Nekunzvera Magwaro, uye nekutarisa mubhuku renyu renhorondo, tinoona kuti chechi yechiProtestanti chibereko chayo. Uye maProtestanti haagone kudandizira kumaKatorike, nekuti, ose ari maviri, zvinonzi ndiwo “MHOMBWE” ne “CHIPFEVE.” Rinonyatsoti dyo-o, asi izVANJI NAJEHOVHA. Ndizvozvo chaizvo.

⁷⁹ Tarisai, akabva ati, “Ngatiitei,” muUnited States, vakati, “ngatiitei mufananidzo kuchikara.” Kana chikara chaive simba, uye simba riri sangano; kwete kutora dzimwe pfungwa zvino. Ishoko raMwari. Sangano rechechi yeKatorike rakazviita sangano pamwe chete ndokuita chibvu... kubvumirana. Uye vakagadza, zvanodaidza kuti, “madzibaba epamavambo” pamwe chete, ndokuita sangano rechechi yeKatorike, uye vakaita imwe—imwe—imwe—imwe tsika, uye nezvavaitenda nezvavaizodzidzisa, kutenda kwepasi rose. Uye vakazvimanikidzira kuvanhu, zviine chitarafu pazviri.

⁸⁰ Uye zvakare Martin Luther paakabuda, achiona Mweya waMwari uchimutungamirira kunze, panzvimbo yekurega vanhu vagere vakasununguka, vakaita kuti chechi ive sangano, mufananidzo wakafanana nechikara, simba rezvamatongerwo enyika rakafananidzwa nawo. Panzvimbo yekurega vanhu vachifamba sekupa kunoita Mwari Chiyedza, vakaita sangano pasi pemamwe maitiro, uye vanofanira kuramba vari pasi pemaitiro iwayo.

⁸¹ Mwari vakanyatsobuda vachinopinda muchechi yeMethodist. Methodist yakave nerumutsiro rwakapararira pasi rose; Mweya Mutsvene uinavo, vachidzidzisa kucheneswa. Uye chinhu chekutanga munoziva, pavakaita izvozvo, vakabva vaita nechechi iri sangano, vakagadzira mufananidzo kune chikara, ndizvozvo, simba rezvematongerwo enyika, rakaitwa sangano, kusungirira vanhu vaMwari kuchitendwa, panzvimbo

yekuti vave vakasununguka kunamata nekufamba muChiedza sezvo Chiedza chakanga chakapararira munzira yavo.

⁸² Vakavagadza uko, muzera iroro. Chaive Chiedza chakanaka chepo ipapo, ndicho chaiva Chiedza che—chekereke yePergamo.

⁸³ Asi ko kereke yeFiradherfia? Ndechimwewo chiedza. Asi, munoona, zvisinei nekuti vakaita sangano zvakadii, Mwari vakabuda kunze muzera *irori* rekereke, zvakadaro, vakatumira murume, ainzi John Wesley. Luther haana kukwanisa kuzvitevera, nokuti aisazvitenda. Ainge atova sangano kumashure *kuno*.

⁸⁴ Zvino John Wesley akaita sangano rakanyatsosimba, uye ndokusvika panzvimbo yokuti, yakanga yava nguva yokuti zera *iri* rechechi ripinde. Mwari vakatuma boka rePentekosti; kuenda kunze kuno nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Oo, maMethodisti vakati, “Uh-oo. Huh! Hatikwanise kufamba naiZvozvovo. Huh-uh! Hatitendi muzvinhu izvozvovo. Oo, kwete.” Sei? *Ichi ndicho* chiedza chavaifamba nacho, *hechi; hechino* chiedza chepano *apa* zvino.

⁸⁵ Tiri kuenda takananga kunodoka kwezvava. Rangarirai zvakataurwa nemuporofita? “Richange riri zuva rine makore, husiri husiku kana masikati, asi kumanheru kuchava neChiedza.” Chiedza chakambovhenekera munyika yekumabvazuva kumuJudha, kumabvazuva (maJudha ndivo vanhu vekumabvazuva), Chiri kupenyera paMarudzi; Chiedza chimwe chete, Mweya Mutsvene mumwe chete, mumazuva okupedzisira kuno, rubhabhatidzo rumwe chete rweMweya. Takapfuura nemumazera ose aya kusvika pano, apo pasina Chiedza kana nguva yerima, asi zuva riine makore, kwakasviba; asi pano *apa* chaipo, seChiedza chakangopenya zvimwe chete sezvachakaita ipapo.

⁸⁶ Ndicho chikonzero, “Anofanira kutarira ibwe rejaspisi nesadhio; Arufa, Omega, Mavambo neMagumo; Iye Akanga Aripo, Uyo Aripo, uye AchazoVepo; Mudzi neBukira raDhavhidhi; Nyamatsatsi yeMangwanani.” Hezvoka izvo. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Ndinovimba kuti muri kuzviona.

⁸⁷ Uye, rangarirai, kuti takaona, pasina kukanganisa kumwe chete, kuti munembo wechikara mucherechedzo wekutsauka, ndiko kuti, nhengo dzechechi dzakazembera pachechi yavo pane kufamba muChiedza. Vanoramba Chiedza, uye hapana chasara kunze kwerima. Ndizvozvovo, vose maKatorike nemaProtestanti. Hapo paiva “nechikara, chipfeve,” uye chine vanasikana “mhombwe.” Uye vakunda ava mhombwe, pavakaberekwa, vaive mhandara kubva muChiedza chezuva iroro, uye vakaita sangano nekuunza vanhu zasi kuno uku, kudzokera mukati umu, zvichivaita mhando imwe chete yechinhu chakanga chiri Roma pamavambo. Bhaibheri rakataura kudaro. “Chikara;

nomufananidzo wechikara; mavara ezita racho,” nezvimwe zvakadaro.

⁸⁸ Kupinda kwatakaita munyaya yacho yose, manheru apfuura, uye Bhaibheri zvakajeka . . . kwete dzimwewo pfungwa dzemumwe munhu. Asi Bhaibheri rakazvitsanangura, kuti chikara ichocho chine misoro 7, chine nyanga 10 [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] chinobva kuRome, chakanga chiriko kuRome, uye “icho chakanga chiriko, chikasavapo; uye chiripo, uye chikasavapo,” mumwe papa mushure momumwe, mumwe papa mushure memumwe, uye chichaenda mukuparadzwa. Uye toona kuti mukadzi mumwe chete iyeye wekare akabereka vasikana. Vakanga vari mhandara kubva pakutanga, vakafamba muChiedza chavakanga vanacho. Ndokubva vatanga kuita sepfambi, ndokudzokera vachiita zvimwe chete zvinoitwa namai vavo. Chaizvoizvo. Chaizvoizvo.

⁸⁹ Regai ndikuudzei chimwe chinhu, madzimai. Teererai. Munogona kunge musina chivimbo chakanyanya mandiri zvino, pandinotsiura zvinhu izvi. Uye hazvisi zvekurwadzisai; ndezvekurwadzisirai. Asi kana muchiona vanhu, machechi nhasi, achibvumira madzimai avo . . . Zvino, ndi—ndichabata nekuvarume, zvakare. Asi vachibvumira madzimai avo kuita maitiro avanoita nhasi, uye ivo vachizviti ndeveChikristu! Handikupei mhosva imi madzimai; ndichadaro, mushure mehusiku huno. Asi, honai, ini—ini handikupei mhosva imi madzimai iko zvino. Asi, hanzvadzi yangu, vazhinji vevadzidzisi ava vemumaseminari kumusoro kuno, kana vadzidzisi vekumakuva, kana chero zvamunozvidaidza, kubva kumusoro kuno kune imwe nzvimbo, vari kungokutenderai kuti mufambe mukudzungaira ikoko. Bhaibheri rakati vaiva mapofu, vachitungamirira mapofu. Ichokwadi.

⁹⁰ Zvino, uye Jesu, achiona izvi, uye nekuziva kuti mamwe emakereke echiProtestanti iwayo aizofamba akananga kusuwo reChiedza, uye obva afuratira achienda. Jesu, muna Mateo 24:24, akati zvichava *sai*zvovvo, antikristu achange ari pedyo *kwazvo* saiYe wacho chaiye, kwazviri zvaizonyengera Vasanangurwa chaivo, kana zvichibvira.

⁹¹ Zvino, munoona, chiRoma, chiKatorike, oo, chakakuvhiringai vamwe venyu maProtestanti mumusoro. Asi, murume ane nyasha shoma paari, zvishoma . . . anoziva zvishoma nezveBhaibheri, achazviramba ofamba achienda. Ndizvovvo. Kukwezva kwayo kune irima kwaari; anoziva kuti hapana zviripo, zvinhu zvese izvovvo zvavanodzidzisa. Hakuna Gwaro pazviri; dzimwewo nguva, vanoisa zvishoma.

⁹² Nhema hurusa dzakambotaurwa, dzaive neChokwadi chakawanda madziri. Ndizvovvo. Uye dzekutanga chaidzo, Satani achitaura naEvha, akataura Chokwadi chakawanda. Asi aiva, pasi pazvo zvose, aive nenhema dzakamupomera,

ndokuparadza chizvarwa chose, zvisikwa zvose. Ndizvozvo chaizvo.

⁹³ Unofanirwa kuzvitarisa izvozvo. Chinofanira kuva Chokwadi *apa* neChokwadi *apa*, Chokwadi *apa* neChokwadi *apo*. Zvose pachiri, Chokwadi; zvichinyatsopinda mumutsara zvimwe chetezvo, nzira yose zvayo.

⁹⁴ Uye zvakare kuti vanhu vangaone sei chechi yekutanga kumashure uko yakatungidzwa nechigadziko ichocho chemwenje, uye zvakare neche *kuno* woona zvimwe chete zvichiitika izvo zvakaitika kumashure uko, uye Shoko raMwari richitaura kuti anozova “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi nokusingaperi.” Zvino wozviramba here? Zvinoratidza kuti vakaramba Chiedza, uye vachifamba murima; chinhu choga chasara.

⁹⁵ Ichokwadi, hama yangu. Handitaure izvozvo kuti ndive akangwara. Mwari vanozviziva. Vanoziva moyo wangu. Ndine shumiro, uye pane zvakawanda pamberi pangu nazvino. Uye ndichiziva kuti rimwe zuva, paNzvimbo yeKutongwa, ndichapindurira zvinhu izvi. Ndizvozvo chaizvo. Ndingazowanikwa ndiri mupomeri wenhema, mudzidzisi wenhema, zvino Mwari vanozondipomera. Ndizvozvo. Asi kana ndikaziva Chokwadi chezvinhu izvi, uye ndikasakuudzai, Vachandipomera mhosva ipapo, zvechokwadi chaizvo.

⁹⁶ Vakati kunharirire, “Tarira! Kana ukatadza kuyambira, zvino Ndicha—Ndichakuita kuti uzvidavirire izvozvo. Asi kana ukayambira, uye ivo vopfuurira mberi, vachafira muzvivi zvavo, asi haNdizokuiti kuti udavirire izvozvo. Unenge wasunungurwa.”

⁹⁷ Saka tinoda kungwarira kuti tizive chinova Chokwadi, maringe neBhaibheri. Uye kuti zera iroro rakatanga sei, nezvavakaita, uye nhasi nokuona chechi yechiProtestanti ichidzika zvimwe chetezvo chaizvo.

⁹⁸ Tarisai pano. Zvaisimbove kuti, kare-kare, uye imi vanhu vehutsvene, zvakanga zvakaipa kuti imi madzimai mugere vhudzi renyu. Chii chazonaka pazviri? iro Bhaibheri rakataura kuti mu . . . kana chero mudzimai akagera bvudzi rake, murume wake ane kodzero yokumuramba. Dzidziso iri pachena, asi ndiro Bhaibheri iroro.

⁹⁹ Uye imi madzimai, munobuda kunze kuno uye mocheka uswa pachivanze chenyu, makapfeka hovhorosi, uye nehanzu dzechirume. Uye Bhaibheri rakati, Mwari Samasimba vakati, “Mukadzi achapfeka nguwo yomunhurume, chinyangadzo, tsvina pamberi paMwari.” Asi munozviita.

¹⁰⁰ Zvino munoputa fodya, munoenda kumadhanzi nemabhaisikopo, asi muchingove vemuchechi. Munoratidza kuti makatora chimwe chinhu; hamuna kunyorwa Kudenga, iwo Mweya Mutsvene. Mushure mechinguva tichapinda

mune izvozvo, uye tokuratidza zvakasiyana neizvozvo. Zvino, chinongoriwo chinhu chidiki.

¹⁰¹ Uye nemi varume, munopinda muchechi, muchifamba muchidzika nemigwagwa nendudu mumuromo menyu, se—sengavi yekuTexas, yakabviswa nyanga. Uye motora . . . handisi kutaura izvozvo senyambo. Handitende mukuita nyambo papurupiti. Ndiri kutaura izvozvo kuti iChokwadi. Modzika nenzira, uye mogara mudzinzvimbo, moreva nhema, nokuba, nokubiridzirana, uye muri madhikoni mubhodhi rechechi.

¹⁰² Moenda mumachechi motamba mitambo iyi yekare yenjori, hachisi chinhu munyika kusara kwekungova rotari yemazuva ose, yakaderera. Ndizvozvo chaizvo. Uye munozviita, mobva mazhambatata nekuda kweanoita zvekubhejerana. Makangoshata zvimwe chetezvo, mumachechi enyu, imi maMethodisti, maBaptisti, nemaPentekosti, ungave uri ani zvake anoita izvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Uye munoziva kuti ichokwadi. Asi chii? Unongotutira zvakare saamai vako kumashure uko. Chaizvo zvimwe chetezvo, uyewo poto haingati kuketero iwe une tsito. Zvino hoyoka mweya iwoyo wezvinhu.

¹⁰³ Asi handipesane nevanhu veKatorike. Handipesane nemaMethodisti, kana maBaptisti, kana maPresbyteriani. Mwari vane vanhu, Mbeu dzaAbrahama, kunze ikoko. Hakusi kupesana nevanhu. Inhau yemachechi avo, vanozviita sangano ikoko, uye vanonamata chechi panzvimbo yaMwari. Oo, imi maProtestant hamudi kuzvitenda izvozvo, asi munozviita, zvakadaro. Ndinoti, “Uri Mukristu here?”

¹⁰⁴ Zvino, pano nguva shoma yapfuura, Hama Bosworth vakabvunza mumwe musikana, vakati, “Uri Mukristu here?”

¹⁰⁵ Akati, “Mukristu? Ndichakupai kunzwisisa, kuti ndinobvirisa kenduru manheru ega-ega!”

¹⁰⁶ Saka, zvino imi maProtestanti munofunga kuti ndechimwe chinhu? “Uri Mukristu here?” “Ndichakupa kunzwisisa kuti, ndiri muMethodisti,” kana “muBaptisti.” Zvino, izvozvo hazvirevi chimwe chinhu asi kuti wabuda muzuva renyasha, rako, kwandiri; ndizvozvo, kana zviri izvo zvoga zvauri, kungova muMethodisti kana muBaptisti. Kana usiri Mukristu muchechi iyoyo yeMethodisti, kana Baptisti, kana Katorike, wakarasiika. Ndizvozvo chaizvo. Saka hoyoka chaiwo mucherechedzo wako.

¹⁰⁷ Micherechedzo iyi iri miviri yose ndeyemweya. Zvino ndichakuratidzai neBhaibheri. Micherechedzo iyi iri miviri micherechedzo yemweya.

¹⁰⁸ Vanhu vazhinji vaifunga kuti, “Vachazotenderera vachidhirowa chimwe chinhu pahuma pako, uye vodhirowa chimwe chinhu muruoko rwako.” Takaona, manheru apfuura, kuti dzaive nhema. Hongu, changamire. Hazvisi izvo. Mucherechedzo wepamweya. Waka—wakatongonyatsovanzika. Uye, tarisai, kazhinji. . .

109 Zvino ndinoziva kuti izvi zvinogona kunge zvichinyandura vazhinji, uye zvi—zvi—zvinoita sezvakaomarara. Asi zvicha—zvichatwasanuka kana tikango... uye nekupa Mwari mukana mudiki. Ini—ini handireveri kuva ndinovirima, asi ndi—ndiri kungoedza kutaura chokwadi, nemoyo wangu wese.

110 Jesu Kristu paakaona chechi iyoyo yechiProtestanti ichiwa kubva muchechi iyoyo yeKatorike ikoko, uye ikabuda nokudzokerazve chaizvo, uye ndokudzokera zvakare nenzira chaiyo yavakaita, Akati, “Mweya uyu uchange uri pedyo zvikuru, kusvikira uchanyengera Vasanangurwa chaivo...”

111 Makacherechedza here, shamwari dzeChikristu, kuti antikristu, unova munembo wechikara, antikristu...? Chero ani zvake anozviziva. Antikristu ndiye, ndiwo munembo wake, ndiwo... wesimba rake, uye munona, chikara isimba. Kune simba rechechi yeKatorike. Kune simba rechechi yeMethodisti.

112 Ndakaenda, kuno nguva shoma yakapfuura, kune mumwe murume akanaka kwazvo. Kana ndisiri kukanganisa, agere imo muno muchechi manheru ano. Zvino Edith Wright mudiki nevamwe vakauya kumusangano kumusoro kuno chaiko, kusingasvike makiromita 32 kubva pano. Uye, isu, vanhu... Ndaingoparidza Vhangeri reruponeso. Taifanira kukwira napamusoro pedzimotokari kuti tisvike panzvimbo yacho. Zvino manheru iwayo, mufundisi akandidaidza zvakananga, akati, “Ndine hutombo kukutaurirai, Mufundisi Branham. Asi vandiudza kuti vane vanhu vari kurwara vauya mukati umo, zvino mukuru wedu wedunhu auya ndokuti, ‘Hakuna zvekupodza kwaMwari muchechi yeMethodisti.’ Saka motongoenda papuratifomu, monowoneka henyu, mobva paungano.” Ndizvozvo.

113 Sei? Simba rechechi yeMethodisti. Ndiro simba rechikara. Chechi yeBaptisti zvimwe chetezvo; Campbellite, neLutherani, nevamwe vose, nemaPentekosti, vakangoipa zvimwezvo. Ndizvozvo. Ndakava nevanhu vePentekosti... Uye veAssemblies of God vapinda mumubatanidzwa wemachechi, unova mu—mu... Vakangozvibatanidza kumusoro kuno, na “amai” chipfeve. Saka sangano rimwe nerimwe rechechi rinobva kuRome. Havo amai varo. Uye handisi musande weLatter-Day, kana Latter-Day Rain, kana chero zvamunoidana. Handidi... Handisi mumwe waizvozvo.

114 Asi ndinoreva izvi, kuti varume nevakadzi vanofanira kusununguka muna Kristu Jesu, kuti vafambe muChiedza. Uye chechi imwe neimwe inofanira kuva zvimwe chetezvo. Ichokwadi.

115 Zvino, cherechedzai izvi, kuti Bhaibheri... Batai izvozvo. Sangano iroro, rangarirai, ipapo ndipo pazviri, ipapo chaipo. Uye tinoona, kuti chechi yeKatorike payakatanga kumashure uko, vakawana rubhabhatidzo rwenhema rwavakabuda

narwo, kusasa panzvimbo yekubhabhatidza. Hapana kana Gwaro 1 razvo muBhaibheri. Uye kwete izvozvo zvoga, asi Mweya Mutsvene, nerubhabhatidzo rwemumvura, nemaitiro, nemadunhurirwa, nezvimwe zvose, kungoita chiseko kune chechokwadi chaicho. Uye hapana mushumiri munyika, anogona kundiratidza nzvimbo imwe chete apo zvakamboitwa muhechi yekutanga. Ndizvozvo chaizvo. Hazvimo muBhaibheri. Asi vakabuda nazvo, uye tinokotamira kwazviri chaiko. Muri kuona here chaiko kwatiri kudzokera?

116 Uye nhasi muri kushaya kuziva kuti sei tisina rumutsiriro. Hezvoka zvazviri, hama. Chatinoda nhasi rumutsiriro rwakanaka, rwechinyakare, rwaMutsvene Pauro, neMweya Mutsvene wemuBhaibheri uchidzoka zvakare munyika. Ndizvo zvatinoda. Zvino . . .

117 Zvino vakatora “munembo wechikara,” kana kuti “vara rezita racho,” ravakaita mufananidzo wacho. Mufananidzo waive sangano sezvakangoita chechi yeKatorike. Vakauita sangano ndokugadzira mufananidzo wechechi yeKatorike. Ko chechi yeMethodisti ndiyo mufananidzo wayo here; chechi yeBaptisti, chechi yePresbyteriani, chechi yePentekosti, chechi yeHoliness, Pilgrim Holiness, United Brethren here? Wese akaita sangano, akatevedzera kubva ipapo. Hazvina kutombobvira zvakava muBhaibheri raMwari. Ndizvozvo. Masangano; achiita masangano!

118 Mwari ndivo mutungamiriri. Zvidzoserei kumashure chaiko kusvika pamunoda. Tarisai Israeri, ichibuda muEgipita.

119 Uye maMoabhu ose iwayo akamira kumusoro ikoko, vanotenda zvepamavambo, pakupirisa zvipiriso; maartari 7, 7 mb-. . . makwai 7, zvichitaura nezvekuuya kwaKristu; nzombe 7, chipiriso chakachena. Ipapo chaipo, muporofita wake mukuru akamira kunze uko, Bharamu, kuti atuke Israeri. Uye hapo paiva neIsraeri. . . Hapo paiva neMoabhu, rudzi rukuru. Hapo paiva navaAmori navose, rudzi rukuru, vakarongeka pamwe chete serudzi.

120 Zvino Israeri yakanga yakapararira kunze uko mumapani nezvitsama zvevatende. Vakanga vari “vafambi navatorwa, vachitsvaga Guta rinouya,” vari chaizvo vanosanganisira mamwe masangano ese. Zvino chii chavakaita? Vaiva nezviratidzo nezvishamiso zvaivatevera. Ava vainge vasina; uye vakaitira avo godo. Iyoyo yaiva mweya.

121 Mwari vanotoro munhu waVo, asi kwete mweya wake. Vakatora Eria, uye mweya wake ukauya pamusoro paEriha, makore akawanda akazotevera, wakauya pana Johane Mubhabhatidzi, wakafanotaurwa zvakare muzuva rokupedzisira.

122 Dhiyahore anotoro munhu wake, asi kwete mweya wake. Mudzidzisi mumwe cheteye wechinamoto akapomera

Jesu Kristu nokuda kweminana nezviratidzo nezvishamiso zvaKe, uye ndokupesana naYe paRugwaro, aiva nehushingi hwakakwana hwekuuya kuzoMutaurira pamusoro pazvo. Mweya mumwe chete iwoyo unogara chaimo mumudzidzisi wemumachechi nhasi...?. . . akatemerwa naMwari kuti auye mukupomerwa ikoko. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. “Varume vekare, vakafanotemerwa pakutongwa uku, kushandura nyasha dzaShe wedu vachidziita hutere” Ndizvo chaizvo. Muna Judha, wechi 3—ndima 3 ya—yaJudha, munogona kuzviwana. Ndizvozvo chaizvo.

¹²³ Cherechedzai zvinhu zvose zvichiratidza ipapo, kuti hoyo munembo wechikara. Ndipo pauri. Saka kana uchimhanya-mhanya pano uchiti, “Zvino, ndicharatidza kana munembo wechikara wasvika,” chenjerera kuti zvimwe watova nawo kare. Uye avo vanawo, vacharangwa mumoto nesuruferi, inodururwa kubva mumukombe wehasha dzaMwari, kuti vatambudzwe siku nesikati, nokusingaperi-peri. Inyaya ine kurevesa. Zvino unozopunyuka chirudzii?

¹²⁴ Kuchava nenguva, iri kuuya iko zvino. Cherechedzai, uye musangano iroro riri kufamba. . . Zvino regai ndikunyeverei zvishoma pano. Musangano iroro zvichidzika saizvozvo, kuri kuuya nguva yekuti uchafanirwa kuve nhengo yesangano iroro kana kuti haugone kutenga kana kutengesa; kana kuva nemunembo iwoyo wekutsauka, mucherechedzo wechechi. Unofanirwa kuve uri werimwe sangano kana kuti hauzogona kutenga kana kutengesa.

¹²⁵ Uye, teererai, kunemi vanhu vanoziva Chokwadi. Handisi kuti ibvai kuchechi kwenyu. Handisi kutaura zvinopesana neyenyu. . . nezvenyu kana nezvenhengo dzenyu. Ndiri kutaura nezvemuzinda wacho, kumashure uko pavakaita chinhu ichi sangano, uye vakati, “Tichaita *izvi*. Tichaita *izvo*.” Uye vakaisa mutemo wechisimba iwoyo. Zvino Mwari vanozvibvarura-bvarura, uye vitora Chechi yaVo kubva mazviri; vakagara vachizviita.

¹²⁶ Tarisai murwendo rwevana veIsraeri. Vakavesa moto. Vakagara husiku hwega-hwega. Shongwe yeMoto yakaremba pamusoro pavo. Uye handina basa kuti yaive nguva ipi yezuva kana yehusiku kana Shongwe yeMoto iyoyo yosimuka kuenda, hwamanda dzairidzwa uye Israeri yorongedza matende nekutosimuka vachienda. Kana paive pakati pehusiku, 2 o'clock masikati, chero papi payaive, vairongedza musasa uye votevera Shongwe yeMoto. Ndizvo here? Vaitevera Moto uyu.

¹²⁷ Zvinoka, Martin Luther paakaona Moto waMwari uchibuda, Martin Luther akabuda, ndokutevera Moto achibuda kubva muchiKatorike. Asi akavakira zasi ipapo ndokuita chechi yake sangano, zvino haana kukwanisa kufamba.

¹²⁸ Moto wakabva wanyatsobuda kunze, uye Wesley akaUona, ndokubva aUtevera. Ndizvozvo chaizvo. Moto waMwari wakasiya Luther agere. Zvino, chinhu chekutanga munoziva, Wesley akavaka pasi paWo, chechi yeHwisiri yeMethodisti.

¹²⁹ Ndokubva kwakazouya Alexander Campbell, John Smith neBaptisti, nevamwe vakadaro, naMoody, navose ivavo. Zvino, chinhu chekutanga munoziva, vakatanga kuita zvetsika, nekungoomarara, vakatonhora, apo vaporofita vekare vakafa, nevamwe vakadaro. Boka idzva iri rakauya risina chinhu kunze kwedzidzo yekuseminari, uye zvakare, chinhu chokutanga munoziva, vakabatana nezvisiri izvo ndokuzvivingidza.

¹³⁰ Zvino Mweya Mutsvene wakabuda, zvino vePentekosti vakaUona ndokubva vaenda; chaizvo, vakabva vangobuda chaizvo, kubva pane maMethodisti nemaBaptisti, nevamwe vakadaro. Zvino chakaipa chacho chazvo, asi kuzadzisa Shoko raMwari, maPentekosti akaita sangano, uye vakangotonhora vari vetsika sevamwe vose. Asi, honaika, hakusi kuzova nerimwe zera rechechi. Zera rekupedzisira iZera reChechi yeRaodhikia, risingapise kana kutonhora. Chingoriwo chinamoto chekuti, kana mumhanzi uchirira, votamba vachikwira nekudzika munzira yepakati pemacheya, wobva wagara pasi, woenda kumba wotaura nezvemuvakidzani wako.

¹³¹ Chatinoda nhasi kupiswa kwechinyakare, neMweya Mutsvene, wakatumwa naMwari, rumutsiriro rwunokuita kuti uzvambarare nechiso chako wochemba, siku nesikati, woungudza nokubongomora, nekungoenderera, nokuda kwezvivi zvenyika. Tichapinda mazviri. Ndizvozvo chaizvo.

¹³² Asi hapoka pavari. Ndipo patangosvika ipapo, kakungodziya. Mwari vakati, “ZvinongoNdisvota iNi! Ndichangokusvipai kubva mumuromo maNgu.” Ndiyo chechi iyoyo, chechi yechiProtestanti, yakarambwa. Chechi yechiProtestanti yakarambwa; kubva paPentekosti kusvika kuna Luther, chikamu chose chaYo. Shoko raMwari rinotaura kudaro.

¹³³ Asi kubva mune imwe neimwe yemachechi iwayo, Vakatora Musanangurwa. Vakatora Mbeu kubva kune dzese hadzo, kubva muMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, Lutherani, nemose imomo, Katorike, nedzose. Vakatora vakasara, vakabuditsa vanhu.

¹³⁴ Pano nguva shoma yapfuura, mudzimai mudiki arere muno muLouisville, muKatorike, ave kufa. Ndakaendako. Zvino muprisita ndokuti, “Hazvina kana maturo, kuchinhu chakadaro!”

Zvino murume wake akati, “Mirai parutivi. Regai vapinde.”

¹³⁵ Ndakafamba ndichipindamo. Zvino mudzimai uyu aifanira kunge achifa mangwanani acho aitevera. Ndichiri kumunamatira, chiratidzo chakavapo, ndokuti, “ZVANZI

NAJEHOVHA.” Ndizvozvo. Mangwanani akatevera... Ndakamuudza kuti aizonge ari maawa mangani, kusvika panguva yacho chaiyo, paaizoenda kumba apodzwa. Vakabva vazviseka, vachinyomba. Zvino nenguva imwe chete iyoyo Mweya Mutsvene wakataura, akaenda kumba ari mudzimai mutano, uye nhasi uno mutano. Aiva muKatorike. Vaive maKatorike. Ava *vaive* muKatorike.

¹³⁶ Paunogamuchira Chiedza...MuTestamende Yekare... Regai ndikuratidzei mhando yacho zvino. Nyatsoteererai, zvino ndava kunanga chaiko kuchidzidzo changu. Honai, muTestamende Yekare, nhapwa payaiva pasi pehutapwa, uyezve aiva...Aitengwa ikoko, nemutengo. Aifanira kushandira vatenzi ivavo kusvika pagore rejubheri. Zvino gore rejubheri rikange rasvika, pairidzwa hwamanda.

¹³⁷ Zvino nhapwa iyi kana ichinge iri kunze uko, iye nevana vake, nemudzimai navose vavo vachida kudzokera kunyika yekare yekumusha, vaidzana-dzana muminda, uye mutariri webasa achivarova, nenzira *iyi* nenzira *iyi*, uye ipapo kana muprisita wejubheri auya, achiridza hwamanda, uye muprisita uyu airidza hwamanda, zvino murume uyu, akanzwa hwamanda, aigona kudonhedza badza rake, aigona kusiya chero zvaaita, otarisa kuchiso chemutariri webasa, zvino woti, “Hauchagona kundirova kamwezeve, ndasunungurwa,” ofamba pakarepo achienda kumba. Sei? Pane kurira kwejubheri, pavanonzwa ruzha rwacho.

¹³⁸ Uye ndiyo Evhangeri, jubheri yacho, yekuti wasunungurwa kubva kuchivi. Wasunungurwa kubva kune tsika dzose idzi dzakasviba nezvinhu izvo nyika yakagadzira pano muzita rechinamato, pasi pechiProtestanti nechiKatorike, pasi pemunembo wechikara. Ndizvozvo chaizvo. Wasunungurwa iwe.

¹³⁹ Haufanirwe kuva izvozvo. Asi zvino kana murume iyeye akaramba kuzvigamuchira, zvino murume uyu aitorwa kubva ipapo oendeswa pambiru yeartari yechechi, obva aiswa mucherechedzo paari, oboorwa buri panzeve yake. Zvino aizova muranda watenzi iyeye panguva yose yaanorarama.

¹⁴⁰ Zvino unoramba kugamuchira Chiedza cheEvhangeri paRinoparidzwa muSimba reMweya Mutsvene, neBhaibheri, unogona kuzvisimbisira pachako kumagumo ako aZiyendanakuenda. Amen.

¹⁴¹ Zvino tarisai, chimwezeve chinhu chidiki, kana mukandiregerera nekutaura chitaurwa chiya nguva shoma yadarika, nezve—nezvemurume uyu. Asi, tarisai pano, “Kunyengera Vasanganurwa chaivo...”

¹⁴² Zvino, tanga tichirova maLutherani, maBaptisti, nevamwe vakadaro, nemaKatorike, zvino regai ndidzike kwamuri imi vanhu vehutsvene kwechinguvana. Maona? Ndinotenda

muhutsvene. Unofanira kuva mutsvene. “Pasina hutsvene hapana munhu achaona Mwari.” Kwete hutsvene hwangu; Hutsvene hwaVo. Uye hapana chandinogona kuita nezvazvo; ndeizvo zvaVakandiitira kare. Handimire mune hwangu, nokuti handina, handitomboedza kuva nahwo. Handiedzi ku—kuva ndakadaro.

“Muri kuedza kuramba makabatirira here, Hama Branham?” Kwete, changamire.

¹⁴³ Ndinongoregedzera, ndoVarega kuti varambe vakabata. Ndizvozvo. NdiVo Vacho Vanoramba vakabata. Ingoramba wakafa, ndizvo zvega zvaunofanira kuita. Ingozvichengeta wakafa, Vacharamba vakabata. Vakatoramba vakabata nekare. Akabata ipapo kusvika Ati, “Zvaperera.” Zvakatoringana. Mwari vari kutirega kuti tingoite zvimwe chetezvo. Zvaperera.

¹⁴⁴ Asi, vanhu vehutsvene, imi maNazarene nemaPilgrim Holiness zvino, rangarirai. Pasi pesimba uye nekubuda muchechi yechiHwisiri, kana chechi yeMethodisti, pavakaita sangano, imi vadikani vehutsvene makabuda, ndokuti, “Tichaenderera mberi nehutsvene.” Zvaiva zvakanaka kwazvo. Makangochengeta zera iroro, Zera iroro reFiradherfia, kusvikira rasvika kuRaodhikia. Asi pakauya rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye nezviratidzo zvikadzokera muchechi, makazvidaidza kuti “dhiyabhore.” Nokuti vakataura nendimi uye vakatenda muzvinhu izvi, mukati, “Zvaiva zvadhuyabhore.” Uye pamakaita izvozvo, makamhura Mweya Mutsvene.

¹⁴⁵ Ndingagotaura sei kuruoko rwangu kuti, “Handina basa newe”? Kana paine vadzidzisi, pane kutaura nendimi. Kana paine vavhangeri, pane zvipo zvekupodzawo zvakare. Ko tsoka ingagotaura kuziso sei kuti, “Handina basa newe”? Maona? Iwe, kana uri mwana waMwari akaberekwa, unofamba uye unogamuchira zvese zvinotaurwa naMwari kuti ndizvo. Unozofamba muChiedza chaimo.

¹⁴⁶ Pakasvika nguva yekuti Chechi ifambe, Luther akafamba. Pakasvika nguva yekuti Chechi ifambise ruoko rwaYo, Wesley akafambisa ruoko. Pakasvika nguva yekuti Chechi itaure, Pentekosti yakauya panzvimbo. Ndizvozvo chaizvo. Asi, zvino, cherechedzai.

¹⁴⁷ Unoti, “Uye mufananidzo?” Unoti, “Pane mufananidzo wazvo here?” Hongu, changamire.

¹⁴⁸ Unocherechedza here kuti Judhasi Iskariyoti, antikristu chaiye, aiva munhu anonamata zvikuru? Makazvicherechedza izvozvo here? Dzaive nevimbo yakanyanya maari, hama idzi, kusvika pekuti akava mubati wehomwe wecheci.

¹⁴⁹ Zvino Judhasi Iskariyoti akaruramiswa nokutenda, achitenda kuna Ishe Jesu Kristu.

¹⁵⁰ Akacheneswa kubudikidza neShoko. VaHebheru, 17:17... Ndinoreva, Mutsvene Johane 17:17, “Vachenesei, Baba, kubudikidza neChokwadi; Shoko reNyu iChokwadi.” Uye Aiva Shoko.

¹⁵¹ Zvino vakapihwa simba rokubuda kundoparidza Evhangeri, nokudzinga madhimoni, nokupodza vanorwara. Judhasi Iskarioti, Mateo 10, akataurwa nezvake pakati pavo. Zvino vakabuda vakanodzinga madhimoni, uye vakaparidza Evhangeri nenzira yekuti vatadzi vakatendeuka uye madhimoni akavasiya. Uye vakadzoka vachifara nekudanidzira, uye vachiva nenguva yakanaka, semusangano muduku wemusasa, wevehutsvene. Uye Judhasi akanga ari pakati pavo chaipo. Ndizvozvo chaizvo, achitova pamwe navo chaizvo.

¹⁵² Asi pakazosvika panguva yePentekosti, Judhasi akaratidza ruvara rwake.

¹⁵³ Ndipo apo chechi yehutsvene yakaratidza mavara ayo, ipapo chaipo, ndokunyatsotendeukazve vakaramba Mweya Mutsvene chaiwo wakanga uchivatungamirira mumvura yakadzika, ndokunyatsotendeukazve ndokuUramba.

¹⁵⁴ Ndinoziva kuti vane kwakawanda kupe-...Handisi muPentekosti. Handina kumbobvira ndakava wesangano rePentekosti, bodo. Ndakangomira pamukaha. Handisi muPentekosti, Methodisti, Baptisti. Ndinongova Mukristu weBhaibheri. Ndizvo zvoga. Ndinotenda zvinotaurwa neShoko. Uye handigone kuramba chipo chekutura nendimi; kana ndikadaro, ndinenge ndichiramba kudzidzisa nezvimwe zvipo zvese zvakafemerwa. Ndizvozvo. Handina kumbobvumirana nehama dzePentekosti pamusoro pe “humbowo hwega,” hwekutura nendimi. Handiite izvozvo. Zvino, zvakanaka, kana vachizvitenda havo nenzira iyoyo. Izvozvo ndezvavo ivo, munoono, asi zvakanaka chose. Ini...Pauro akati, “Ndingasva ndati imi mose mutaure nendimi.” Ndingada kuona munhu wese ari pedyo naMwari zvakadaro.

¹⁵⁵ Vane zvakananda zvekuisira, kutenda kwakananda kwenhema. Vakabuda kunze uko, nguva zhinji, uye vakaita sekunge vaiva neMweya Mutsvene, uye vakataura chimwe chinhu chakanga chisiri kutaura nendimi. Hupenyu hwavo hwakaratidza zvachaive. Asi panga paine chinhu chechokwadi chaicho chaingoitikawo zvimwe chetezvo, nguva dzese.

¹⁵⁶ Zvinoka, ko dhiyahbhere aigoregererei hake kuisa dukununu, chikwezva makunguwo? Chokwadi, aizongodaro, kuti aedze kudzivisa. Akakandira chinhu chimwe chete muhutsvene. Akakandira chinhu chimwe chete muMethodisti. Akakandira chinhu chimwe chete muzuva raLuther. Uye ari kukanda chinhu chimwe chetecho nhasi. Uye pasi pesimba rezvipo, rekupodza kwaMwari nokunzvera, ari kukanda zvinhu zvimwe chetezvo.

157 Asi dukununu ringarevei kwauri, dai waigona kutaura mutauro weshiri? Shiri dzinoti, “Ini pandinoona dukununu, ndiko kudya kwangu ikoko. Maapurosi akanakisisa acho ari ipapo, ari pedyo chaipo pane tsvimbo uye pakarembedzwa madukununu.” Ndizvozvo chaizvo.

158 Asi munoona kuti mweya uyu wakafamba sei kumusoro kuno uku. Zvino Jesu akatarisa ndokuona kuti kubudikidza nemucheche yeKatorike, zvichabuda. Akati, “Musadana chero munhu kuti baba. Musangoshandisa zvekudzokorora zvisina maturo, zvinhu zvose izvi.” Akabuda ndokuti, “Zvino chenjerai, antikristu achange ari pedyo kwazvo kusvika achanyengera Vasanangurwa chaivo kana zvichibvira.”

159 Tarisai, hama, imhandara ngani dzakaenda kunosangana naShe? 10. Vose havo vakanga vari mhandara. *Kuchenesa* kunorevei? “Mhandara, tsvene, yakachena.” 10 vavo vakanga vari mhandara. 5 vakanga vasina Mafuta mumwenje wavo. 5 vaiva neMafuta mumwenje wavo. 5 *ava* vaingori vatsvene uye vari mhandara sezvaingova *ava*. Asi *Mafuta* anomiririrei, muBhaibheri, kwatakaatora manheru apfuura, manheru amarumwezuro? Mweya, “Mweya Mutsvene.” Vakazvichenesa ndokugara ipapo, asi vakatya ndokumira kure neChitubu chaidira muMafuta. Munoona, vakazviita sangano ndokugara, zvino havoka avo, vaine kakudziya. Ndiko kwakaenda zera rekereke ikoko.

160 Zvino, zvino tave kuuya kumucherechedzo waMwari. Ndine maminetsi 30, Ishe vachitendera. Zvino ndinoda kuti muvhure pamwe neni, kutanga, uye muone kukosha, kwakaita mucherechedzo waMwari uyu.

161 Rangarirai kuti munembo wechikara chii; haisi communism. Munembo wechikara unobva kuRome, pasi rose hapo; chiKatorike, nechiProtestanti chakabatanidzwa machiri, chinamato chakaitwa sangano. Zvino vachabatanidza macheche kusvikira chechi yose ichatopfugama kuchinhu ichocho, dzedu dzinosanganisira masangano ese dzinokavirwa kurutivi. Ndizvozvo.

162 Zvakazarurwa chitsauko 9 zvino. Ngatinyatsoverengai chaizvo pano kwechinguvana, kana Mwari vachitendera, uye tione zvaVakataura muShoko raVo. Zvino. . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]. . . ya—yaZvakazarurwa, uye ndima 4. Teerera kuti une izvi.

Zvino dzikaudzwa kuti (padzakaona matenda achidururwa) kuti dzirege kukuvadza uswa kana miti. . . kana nechinhu chinyoro chose hacho, kana chero muti; asi. . . vanhu avo vasina chisimbiso chaMwari pahuma pavo.

163 Matenda paaiuya, chinhu choga chaive chakachengetedzwa vaive avo vakaiswa chisimbiso muHumambo hwaMwari. Uku

ndiko kuferefeta kunounza kutongwa, apo vanhu. . . Uye kana Mwari vakandibatsira, mumaminetsi mashoma tichazviratidza neShoko raShe, kuti ino ndiyo nguva yokuisa chisimbiso panzvimbo. Uye avo vanoChiramba, hapana chasara kunze kwekurangwa Nokusingaperi.

¹⁶⁴ Zvino tichaenda muTestamende Yekare. Uye ngatiendei uku, kana mungadaro, kuBhuku raEzekieri, kana mungadaro, uye ngativerengei kwechinguvana muna Ezekieri 9. Zvino, nerubatsiro rwaMwari zvino, dai Vakatabatsira. Uye togadzikana zvino kuitira dzidziso, kwemaminetsi 30 bedzi anotevera, kana Mwari vachitendera. Zvino izvi zvine chekuita, kunemi muri kuzvinyora, Ezekieri 9, izvi zvine chekuita. . .

¹⁶⁵ Chinhu chekutanga chatinofanira kugadzirisa zvino, Chisimbiso chaMwari chii? [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Hamufunge here kuti zvingave zvakakosha? [Ungano inoti, “Ameni.”] Bhaibheri iShoko rakakukwanirai chose here? [“Ameni.”] Zvino ndinoziva kuti munavo avo, vaye vanoti, “Kuchengeta zuva resabata,” asi hapana kana chikamu chimwe cheMagwaro chinotsigira izvozvo, muTestamende Itsva. Ngatione kuti Chisimbiso chaMwari chii, chaizvo. Vhurai kuna Vaefeso 4:30, 4:30, ne 1:13. Dzinyorei pasi. Vaefeso 4:30 inoti:

. . . *regai kuchemedza Mweya Mutsvene waMwari, uyo wamakaiswa chisimbiso nawo kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwenyu.*

¹⁶⁶ Zvino, *kuiswa chisimbiso* kunorevei? Kuiswa chisimbiso “chiratidzo chekupedza.” Ndizvo here?

¹⁶⁷ Zvino, makamboona here rodha wekuzvitima achiisa zvinhu mutiroko? Anobuda uye oisa zvine humwe huwandu *apa*, nezvine humwe huwandu *apa*. Inisipekita anouyapo, otarisa mukati; uye kana *ichi chakaregedzeka* zvishoma, chichizunguzika, “Bodo. Handisi kuzoriisa chisimbiso. Unofanira kuzvirongonora wotanga patsva.” Chinhu chinotevera, anoedza kurongedza zvinhu mariri zvakare; otadza kuzvirongedza zvakanaka. Inisipekita anouyapo, “Handizvo. Dzokorora kuzviita zvakare.”

¹⁶⁸ Uye ndizvo zvanga zvichiitwa naMwari nechechi yaVo kwenguva refu. Unozadzwa, uye uri kuenda Kudenga; uri kutora zvese pamwe newe. Mitambo yako yemakasa, huh, chimwe chinhu chese chaunogona kutakura muchechi, uri kuedza kuenda nacho. Mwari vanongozviramba; hausati wagadzirira kuiswa chisimbiso.

¹⁶⁹ Asi kana Mwari vakaona munhu, ane kuzvidemba, ane mweya wakuputsika, akaperera mumoyo, ari zasi paartari, Mwari vanopfiga musuwo wenyika kwaari, uye vomusimbisira mukati imomo nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye chinogara kusvika Jesu auya; kwete kubva kune rumwe rumutsiriro kuenda kune rumwe, asi, “kusvikira zuva rerudzikunuro rwako.”

170 Kana tiroko iroro, musuwo, wavharwa, uye chisimbiso chehurumende chaiswa pariri, harichakwanisa kuvhurwazve kusvikira rasvika kwariri kuenda.

171 Uye munhu wese akazvarwa patsva uye akasimbiswa muHumambo hwaMwari, haasisinazve chishuwo chenyika kusvikira zuva iro Jesu Kristu anomupinza muHumambo. Saka kana uine dambudziko, uye uchiti une Mweya Mutsvene; kana uri wecheki yeMethodisti, chechi yeBaptisti, chechi yePentekosti; kunyange wakadanidzira, ukataura nendimi; ukabhabhatidzwa wakatarisa kumberi, nemanhede, wakasaswa; kana uchine mhando idzodo dzematambudziko, itodzoka zvako uwongororwe pane zvawakatakura. Ndizvozvo. Ukatora zvakawandisa pamwe newe; zvakanyanya kuregedzeka, zvichizunguzika. Mwari havazviise chisimbiso zvakadaro.

172 Kana tsanga yegorosi ikawira muvhu, zvisinei... Kana tsanga iyoyo yegorosi ikafa kune zvairi, haigone kubereka chaguduma, kuponesa mweya wayo. Tsanga yegorosi ichabereka tsanga yegorosi, zvechokwadi chaizvo. Uye kana takadyarwa neMbeu isingaori yaMwari, Inozokwanisa sei kubereka chimwe chinhu kunze kwehupenyu weHupenyu hwaKristu?

173 Mweya Mutsvene uchitungamirira Chechi, unoItungamirira muSimba rekumuka kwaJesu Kristu, uye wakaiswa chisimbiso kusvika pazuva rerudzikinuro. Ndiro Bhaibheri iroro. “Usachedzwa Mweya Mutsvene waMwari, wawakasimbiswa nawo kusvika pazuva rerudzikinuro rwako.” VaEfeso 4:30.

174 Zvino, Mweya Mutsvene usati watombouya, akaiswa chisimbiso zera reMarudzi risati ratombotanga. Anoiswa chisimbiso pasi pezvigadziko zvemwenje zvendarama, taiva nechati, kuti tizviwane, kumashure uko pasi pezera iroro.

175 Akaramba achivavhiringa zvichidzika nemuna Abrahamu, Isaka, Jakobho, Dhavhidhi, uye zvichidzika nemuzera rerima ravaiva naro mumazuva aAhabhu, zvichidzika zvakadaro, Soromoni, nevamwe vakadaro, kusvika zvabuda muchinhano ichocho chine kakudziya. Asi Vasati vavhara mwaka iwoyo, Vakapa simba guru reMweya Mutsvene kumaJudha chete, “Musaenda nenzira yeMarudzi, asi endai kumakwai akarasika eIsraeri.” Ndizvo here? “Akauya kune vekwaKe, asi vekwaKe havana kuMugamuchira.”

176 “Asi vose vakaMugamuchira, Akavapa Simba rokuva vana vaMwari.” Akati, “Ndinovapa Hupenyu Husingaperi.” *Hupenyu* Husingaperi hunobva paizwi rechiGiriki rokuti “Zoe.” Zoe ndihwo Hupenyu hwacho. Zoe ndihwo Hupenyu hwaMwari. Uye kana Hupenyu hwaMwari huchigara mauri, hunobereka hupenyu hune humwari sekungomira kwandakaita papuratifomu ino. Uye munhu anaWo, haachakwanisi kuparara saMwari vasingagone kuparara, nokuti Mwari vari mumunhu iyeye. Amen. “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, uye achitenda kuna

iYe akaNdituma, ane Hupenyu hwusingaperi, uye haangasviki pakupomerwa; asi ane Hupenyu hwusingaperi.” “Uyo anodya nyama yaNgu nokunwa Ropa raNgu, Ndichamumutsa nezuva rekupedzisira.” Ndiro Shoko raKe. Inyaradzo yakadini kumutendi! Uye kupihwa mhosva kwakadini kune avo vanoramba kufamba muChiedza!

¹⁷⁷ Kwave kudziya, handizvo here? Zvakanaka, Zvakakunakirai. Cherechedzai, onai kana ichi chiri chokwadi. Hama, taigona kuzvitora, Gwaro mushure meGwaro, vhiki mushure mevhiki, vhiki mushure mevhiki, togara pazviri, chaizvoizvo . . . chidzidzo chimwe chete, kwegore rese, zvakadaro tisaati tazvibuditsa muBhaibheri, zvose hazvo, uye tichingova pachinhu chimwe chete.

¹⁷⁸ Zvino senhanganyaya diki pano, tiri kudzokera shure toona kuti kuramba rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene kunorevei kwauri, zvazvaira kwavari muzuva iroro.

¹⁷⁹ Zvino, muna Ezekieri chitsauko 9, muporofita akanga aona Jerusarema. Zvino rangarirai, tiri kutaura nezvemuchikamu ichocho, maJudha, magumo avo ave kusvika.

¹⁸⁰ Zvino tiri muMarudzi, kumagumo avo. Zvino tinozopinda muMireniyamu. Zvakanaka.

¹⁸¹ Asi zvino tarisai pano apa, tiri kugumisa maJudha zvino. Muporofita anofanozviona. Aya achiri makore 100, angangoita makore 800, kuuya kwaShe kusati kwasvika, uye zvakaporofitwa nemuporofita. Zvino nyatsoteererai tichiverenga.

Akadanidzirawo munzeve dzangu nezwi guru, achiti, Itai kuti vatariri veguta vaswedere pedyo, uye nemunhu mumwe nemumwe ane chombo chokuuraya nacho, kana kuti chombo chokuparadza muruoko rwake.

¹⁸² Zvino nyatsotarisisai zvino tichiverenga.

Zvino, tarira, varume 6 vakabva . . . suo rokumusoro, riri kurutivi rwokuchamhembe, uye munhu mumwe nomumwe ane chombo chokuuraya nacho muruoko rwake; nomumwe murume pakati pavo, ane nhumbi chena, akafuka mucheka werineni, anorunyanga rweingi rwomunyorori pachiuo chake: zvino vakaenda . . . vakandomira pamberi, parutivi rweartari yendarira.

Zvino kubwinya kwaIshe Mwari waIsraeri kwakanga kwakuvira kuchibva pakerubhi, pakwakanga kuri, kukasvika kuchikumbaridzo cheimba. Zvino akadana murume akanga akafuka mucheka werineni, akanga anorunyanga rweingi rwomunyorori pachiuo chake; (Teererai.)

Zvino JEHOVHA akati kwaari, Pfuura napakati peguta, napakati peJerusarema, (kuenda kuJerusarema), uise chiratidzo pahuma dzavanhu vanogomera no... kuchema pamusoro...pezvinonyangadza...zvinoitwa mukati maro.

Asizve kuna vamwe wakati munzeve yangu, Endai... vateverei nomuguta, muuraye: uye ziso renyu ngarirege kupembedza, musava...netsitsi:

Urayai vose vakuru nevadiki, vose varandakadzi,... vanana, navakadzi: asi regai kuswederwa pedyo naani zvake ane...chiratidzo; zvino akatangira panzvimbo tsvene. Uye...kutanga navatana vakanga vari pamberi peimba.

183 Zvino tarisai muporofita muMweya, achikwidzwa kupinda muKubwinya. Mwari vakati, “Ndichakuratidzai magadzirisiro aNdichazviita nemaJudha, ndisati ndauya kuMarudzi.” Verengai ndima, kana kuti chitsauko chiri kumashure kwacho. Zvino, paakapinda imomo, akati, “Ndakaona...” Kutanga, akaona chivi muguta, chaakanga asati amboona kumashure, zvino akaona Jerusarema. Zvino rangarirai, zvakatemerwa chete kumaJudha, kwete Marudzi; muJudha, neguta ravo guru, Jerusarema. Sezvakangoita manheru apfuura, takazvitaura zvakanangana nemaProtestanti; zvino, manheru ano, zviri kumuJudha. Akati, “Endai nemuguta.” Hapoka pouya varume vakabata zvombo zvokuuraya nazvo mumaoko avo, vachienda kunouraya zvose zviri muguta. Akati, “Zvino chimbomirai, zvishoma.”

184 Zvino kubva imomo kwakabuda Murume akanga akapfeka zvichena. Ngatimbomirai zvishoma. “Akapfeka zvichena,” kururama, hutsvene. “Akapfeka zvichena,” Akanga ane runyanga rweingi padivi paKe. Akati, “Pindai nemuguta kutanga, vasati vauya, uye moisa chiratidzo pahuma, chiratidzo pahuma yewese murume, mudzimai, mukomana, nemusikana, muguta, anogomera nokuchema nokuda kwechinyangadzo chinaitwa muguta, nokuda kwezvivi zvevanhu.” Isai mucherechedzo pavari!

185 Zvino ipapo, mushure mekunge Apinda uye aisa mucherechedzo, Akadzoka ndokuti, “Zvaitwa.”

186 Zvino akatuma varume, akati, “Endai, uye musasiya chinhu, asi imi nyatsourayai chose chisina mucherechedzo iwoyo pachiri.”

187 Tarisai pano, hama. Muisi wechiratidzo uyu akanga asiri mumwe kunze kweMweya Mutsvene.

188 Uye cherechedzai, kana Akauya kuJeffersonville, manheru ano, kuBranham Tabhenakeri, kana imwewo tabhenakeri iri muguta, kana imwewo chechi, ndiyani waAizoisa mucherechedzo uyu paari, anga akatendeka

kwazvo uye akavimbika pamberi paMwari zvokuti vakachema nokuungudza, nokunyengetera siku nesikati, pamusoro pechivi cheguta?

¹⁸⁹ Zvingazodii kuvaparidzi vanorega madzimai avo achibuda muno akapfeka nhumbi dzekutuhwinisa, vopinimidza vakapfeka zvikabudura, nokufamba vachikwira nekudzika mumigwagwa; nokuimba mukwaya, nokupenda nokuita sanaJezebheri. Uye apo...Varume kunze uko, vachiputa, nekunwa, nekuenderera, nekubheja, nezvimwe zvese! Uye vanoita sokunge vanga vasina hanya nazvo; vachienda kune imwe svusvuro huru yenyama yehuku, kana kupati kune imwe nzvimbo. Vogara kumba manheru eChitatu voona havo terevhizheni, pane kuenda kumunamoto. Munguva yezhizha, vovhara chechi, pashumiro. Angazosimbisa chii?

¹⁹⁰ Chatinoda, manheru ano, kuvharwa kwezvishinji izvi pano zvekuvhangerwa kwechiHollywood! Uye nerumutsiriro rwechinyakare, rwakatumba naMwari, rwevarume nevakadzi vanodzika kuartari! Uye vorega izvi zvekukwazisana, nekusimudza maoko, nekuvasasa, nezvekubhabhatidza nekumberi, nemanhede, nezvimwe zvese izvi zvimiro nezvitevedzwa zvidiki. Zvino vonyatsodzika pakuva nemweya chaiwo, unozvidemba, wakuputsika, pane chivi. Vosanganisa izvozvo pamwe chete, zvino votanga kuchema kwechinyakare, kwemwana mutsva achangozvarwa. Amen. Ndiyo mhando inowana Mweya Mutsvene. Ndizvozvo.

¹⁹¹ Hazvina basa kana vari maMethodisti, maBaptisti, kana maKatorike, kana chero zvavari! Pavanosvika pamberi peartari iyoyo uye vochema, siku nesikati, "O Ishe Mwari, tarirai zvivi zveguta rino! Moyo wangu haugone kuzorora! Handikwanise kuzorora, Ishe, nekuona zvinhu izvi zvichiitika. O Mwari, itaiwo chimwe chinhu! Titumireiwo rumutsiriro rwechinyakare," watova pamanganhu wekugamuchira Mweya Mutsvene ipapo, hama!...?...

¹⁹² Asi kana ukafamba uchiendako nekuti wasvetuka-svetuka, kana nekuti watamba nemumhanzi, kana kuti waita chimwe chinhu; uye ukatenderera uchipopota, uye usina hanya, nekukwindimara, nekukakavara, nokujoinha chechi, nekusvetuka kubva pane imwe nzvimbo kuenda pane imwe; zvinoratidza kuti hauna chawakambwana pakutanga.

¹⁹³ Hama, iwoyo, ndiwo mushonga wakanaka wakasimba, asi chokwadi unokugadzirisa. Ndizvozvo. Hongu, changamire. Uchakuburitsai, pasina kana ane hutera pakati penyu.

¹⁹⁴ SaMosesi. Ndinoda kutarisa mubhokisi rake remishonga, hamungadewo here? Aiva nevanhu 2 miriyoni kunze uko. Ungada here kuona mubhokisi raMosesi remishonga, zvaaiwa nazvo? Vatana vose vaya, nemazana evacheche vaizvarwa husiku hwega-hwega, nezvirema, nevanhu vanorwara. Zvino

paakabuda, mumakore 40, pakanga pasina kana 1—1 ane hutera pakati pavo. Hamungade here vamwe venyu vanachiremba, vagere pano manheru ano, kuona mubhokisi rake remishonga?

¹⁹⁵ Ngatitarisei mariri uye tione zvariri. Zvino tarisai. Tichazviwana. “Ndini Jehovha anokupodzai.” Ndizvozvo. Ameni. Ndizvo zvaraive. “Ndini Jehovha anokupodzai.” Toti kuchazvarwa mwana. “Ndini Jehovha anokupodza.” Ane mabayo. “Ndini Jehovha anokupodza.” Ndiro gwaro roga remushonga rachiremba raaigona kupa. Ndiro roga raaida iroro. Ndiro roga raava naro. Ndiro raakapihwa naMwari kwaari.

Chokwadika, nhasi, “Oo, hatitendi mune Izvozvo. Kwete, izvozvo. . .”

¹⁹⁶ Mwari havamboshanduki. Vamwe chete. Kana mweya uyu, uchienderera mberi nenzira inoitwa nevanhu nhasi, pasi pezita reChikristu, wakaita kuti Mwari Vafinikane kumashure uko, chaiva “chinyangadzo” kuti vanhu vaite izvozvo, chinyangadzo nhasi. “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Oo, ndinonzwa manyukunyuku ekunamata.

¹⁹⁷ Cherechedzai, “Enda kuno uku,” Akati, “Pinda nemuguta uye Ugoisa mucherechedzo pane vanogomera nekuchema nekuda kwechinyangadzo chinoitwa muguta.” Ndokubva ati, “Mushure mekunge Waita izvozvo,” Akabuditsa varume ava vakabata zvombo zvokuuraya nazvo, zvino vakaenda ndokuuraya zvose.

¹⁹⁸ Zvino, munyori wenhorondo, chimbomirai zvishoma. Jesu akauya munyama; Mwari, vachiratidzwa munyama. “Mwari vakanga vari muna Kristu, vachiyananisa nyika kwavari iVo.” Zvino paAkauya munyama, Akafamba achitenderera achidzidzisa. VakaMudana kuti, “Bherizebhabhu; muuki.” VakaMuseka, nekuda kwemazvarirwo aKe, zvimwe zvose; vakaMuramba, vakaMudzingira kunze.

¹⁹⁹ Akati, “Ani naani anoreva zvakaipa pamusoro peMwanakomana wemunhu, achazviregererwa, asi ani naani anotaura achipesana neMweya Mutsvene, haazombozviregererwa, munyika ino kana munyika inouya.”

²⁰⁰ Akadana maJudha mashoma pamwe chete. Haana kuenda kuMarudzi. Akaenda kumaJudha. Akatumwa kumaJudha; wakanga usiri mwaka weMarudzi. Kenduru yekupedzisira yakanga ichipfuta muzera remaJudha, zvino Akaendako. Uye pakanga paine vanhu vashoma vakaMugamuchira, avo vakadanwa.

²⁰¹ Sezvazvingori chaizvo nhasi. Sokungotaura kwakaita Mweya Mutsvene kubva muna Jesu Kristu, wakazvidana ipapo; ndizvo zviri kuitawo Mweya Mutsvene uchitaura kubva muna Jesu Kristu, uchidana, nhasi.

202 Vaitenda mune chemweya. Vakatarisa Mutungamiriri wavo. VakaMutarisa. Vaiziva kuti Aiva Mambo wevaporofita. Vaiziva chero zvaAive. ZvaAkataura, Mwari vakazvisimbisa uye vakati chaiva Chokwadi. Vaiziva kuti vaive neChokwadi. Vaiziva uYo wawaitenda, ndokubva vaenderera mberi naJesu.

203 Vakabva vaMuroverera pamuchinjikwa. Akati, “Baba, varegerereiwo, havatomboziva zvavari kuita.”

204 Asi Zuva rePentekosti parakanga ranyatsosvika, pakava neboka revanhu vaduku, vaiungudza, vachichema nekuenderera mberi. “Uye Zuva rePentekosti parakasvika zvizere. . .”

205 Pakarepo kwakauya muprista kumusoro kwenzira, aine bhokisi rekosha, bhokisi rechirairo, akati, “Iwe buritsa rurimi rwako zvino, uye ini ndochinwa waini yacho”? Hazvina maturo! Kumusoro kwenzira kwakauya muparidzi wechiProtestanti, ndokuti, “Tichava nekuyanana, uye totora mwedzi 6 yekumborega kunwa zvinodhaka”? Huh! Hazvina maturo! “Ndichakusasa. Ndichakubhabhatidza. Ndichakutora nenzira *iyi*, ndokuendesha muchechi, towadzana newe”? Hazvina maturo!

206 “Asi zuva rePentekosti parakanyatsosvika, pakarepo kwakauya kubva Kudenga mhengo inovhuvhuta nesimba, Ikazadza imba yose mavakanga vagere. Ndimi dzakaparadzana dzakagara pamusoro pavo, semoto.” Vakatanga kutaura zvisinganzwisike, nekutadza kutaura zvakanaka, nekubuda furo mukana, nekupfira mate, nekungoenderera.

207 Unoti, “Kwete!” Ndichakuratidza pachena neBhaibheri. Hongu, changamire. “Munoda kundiudza kuti ndizvo zvavakaita?” Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri.

208 Munoziva here kuti Isaya akaporofita? Regai ndikuverengerei chimwe chinhu chiduku kubva muna Isaya pano, kwechinguvana. Isaya, chitsauko 28, uye kutanga nendima 8.

Nokuti matafura ese azere namarutsi(Richitaura kuzuva rino.) netsvina, zvekutoti *hapana* nzvimbo yakachena. (Hama, kana wakanga usiri mufananidzo wemuJudha!)

Ndianiko waachadzidzisa ruzivo? uye *ndianiko waachaita* kuti anzwisise dzidziso? (Tiri kutaura pamusoro peDzidziso, manheru ano.) . . .ivo *vakarumurwa pamukaka*, naivo *vakabviswa pazamu*.

Nokuti chirevo chinofanira kuva pamusoro pechirevo, chirevo pamusoro pechirevo; mutsara pamusoro pemutsara, mutsara pamusoro pemutsara; . . .(Ndiyo nzira iyo Vhangeri rinouya nayo, kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa.)

Zvirokwazvo ndichataura navanhu ava nemiromo inokakama norumwe rurimi.

. . . uye iri ndiro zororo, rugare rwandati rwunofanira kuuya. Uye nezvose izvi havana kunzwa, asi vakafamba ndokuenda, vachizunguza musoro wavo.

²⁰⁹ Hezvoka izvo. Ndizvo zvaVakataura. Rakanga risiri shoko rangu; iShoko raVo. Rishandurei, kana muchikwanisa. Harimbogona kushandurwa. Akati, “Chirevo pamusoro pechirevo; mutsara pamusoro pemutsara; apa zvishoma neapo zvishoma.” Vhangeri rose rinofanira kuburitswa.

²¹⁰ Vhangeri rakazara rinofanira kutangira pano, uye vakaRiparidza. Uye pavaKadaro, Simba reMweya Mutsvene rakauya.

²¹¹ Zvino maJudha ivavo vakaita dambe naJesus, asi vakaseka, vakati, “Ha-ha-ha! Varume ava vaguta newaini itsva.” Vakasimbisa magumo avo eKusingaperi. Vakati, “Seiko tiri kukwanisa kunzwa mururimi rwehu isu, mabasa anoshamisa avari kutaura? Handiti, varume ava vaguta newaini itsva. Ha-ha!” Vakanyomba ndokuseka.

²¹² Zvino Petro, muumburuki mutsvene uya mudiki, muparidzi anomira pachibhokisi chemapuranga, vachimuisira chibhokisi chemapuranga kunze, obva asvetukira pamusoro pachu, ndokuti, “Imi varume veJudhea, nemi mugere muJerusarema, ngazvizikanwe kwamuri, uye muteerere inzwi rangu. Asi izvi ndizvo—izvi ndizvo zviya zvakataurwa nemuporofita Joere. Varume ava havana kudhakwa newaini itsva, sezvamuri kufunga, nokuti iawa yechitatu yezuva. Asi izvi ndizvo Zviya.” Akanongedzera muBhaibheri. Ndagara ndichiti, “Kana izvi zvisiri Zviya, ndichangochengeta izvi kusvikira Zviya zvauya, kana paine zvakasiyana.” Ndizvozvo. Akati, “Izvi ndizvo zviya zvakataurwa nemuporofita Joere. Zvichaitika mumazuva ekupedzisira,” makore 2,000 ekupedzisira.

²¹³ 2,000 ekutanga, akaparadza nyika nemvura. 2,000 echipiri, Kristu akauya. Mumakore 2,000 ekupedzisira, “Ndichadurura Mweya waNgu.” Hareruya! Kwete kuti “Ndichadzidzisa vamwe vaparidzi uye nekutumira vamwe vaprisita.”

²¹⁴ “Asi Ndichadurura Mweya waNgu kubva Kumusoro-soro; vanakomana venyu navanasikana venyu vachaporofita; pavashandirikadzi navarandakadzi vaNgu Ndichadurura Mweya waNgu, uye vachaporofita. Ndicharatidza zviratidzo kumatenga kumusoro, napanyika pasi.” Ndizvo zvazvaiva. Ndiwo akava mavambo acho.

²¹⁵ Zvino maJudha ivavo vakaseka nokuita jee, ndokuti, “Vakadhakwa newaini itsva.” Zvakasimbisa magumo avo.

²¹⁶ Muna A.D. 96, kuuya kwaTitus, achiuya achiburuka kubva kunzvimbo, Jerusarema rakakombwa nemauto. Uye munoziva

zvakaikika? MaJudha iwayo akati, “Zvino tichadzokera kuimba yaJehovha.”

217 Asi avo vakayambirwa uye vakazadzwa neMweya Mutsvene...

218 Sezvakataurwa naJosephus, “Vanhu vemhando inodya vanhu ava, vakanga vachidya mutumbi waJesu uyu weNazareta.” Akati, “Vakavanza mutumbi waKe, uye vakanga vachiudya,” (Vakanga vachidya chirairo.) vakataura kuti “ivo, boka iri kumashure uko, mhengo idzi.”

219 Munoziva here kuti vanhu ava kumashure uko vakadanwa kunzi “mhengo”? Munozviziva here? Munoziva kuti *mhengo* chii? Munhu “anopenga.” Hongu. Tarisai Mutsvene Pauro.

220 Zvino, imi vanhu, imi—imi maBaptisti munofarira kuti, “Mutsvene Pauro, oo, ndinomutenda.” Imi maKatorike munoti, “Oo, Mutsvene Pauro,” mukatsvoda tsoka dzake 2 kana 3, zvifananidzo zviya zviriro uko kuRome. “Mutsvene Pauro! Hongu, changamire!”

221 Tarisai zvakataurwa naMutsvene Pauro paakanga ari pamberi paAgripa. Akati, “Nenzira yavanoti kupenga,” muumburuki mutsvene, “ndiyo nzira yandinonamata nayo Mwari.” Amen.

222 Ndaingada kubatana maoko naye; ndaizoti, “Ndinotenda zvimwe chetezvo, Pauro! Hareruya! Hongu, changamire, zvimwe chetezvo! Makore 1,900 akadarika, Pauro. Ndichiri kutenda zvimwe chetezvo!” Ndichine Mweya Mutsvene; zviratidzo zvimwe chete, zvishamiso zvimwe chete, zvose zvingori zvimwe chete; zvichiri kuenderera mberi, Mweya Mutsvene mumwe chete, ndichakasimbiswa kusvika (rinhi?) zuva rorudzikinuro.

223 “Evhangeri iyi ichaparidzwa...” Chii? “Evhangeri!” Chii chinonzi Evhangeri? Kwete “Shoko roga.” Pauro akati, “Evhangeri yakauya kwatiri, kwete muShoko roga, asi kubudikidza neSimba nekuratidzwa kweMweya Mutsvene ndokuuya kweEvhangeri.”

224 Pauro akati, “Handina kumbouya neimwewo dzidzo yekuseminari, kuuya ndichitaura mazwi makuru anoyevedza, kuti ruponeso rwenyu ruvakirwe pamashoko makuru nemiromo inotaura zvinoyevedza, uye rumwe rwiyo kana chitendwa chevaapostora, kana zvimwe zvakadaro. Handina kumbouya kwamuri saizvozvo. Asi ndakauya kwamuri ndichiziva chinhu chimwe chete bedzi, Simba rerumuko rwaJesu Kristu, nekuratidzwa kweMweya Mutsvene.” Hareruya! Mwari vatipe vamweve vanaPauro vasingambozengurira kana, asi vanoRiisa ipapo vasina...?..vasina kana magirovhosi ekuseminari. Amen. Chisimbiso chaMwari! Amen.

225 Zvino, tine nguva yakadini? Yakawanda, handizvo here? [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti] Ndzivo zvandafunga.

Zvakanaka. Mangwana Mugovera, hapana mumwe wenyu anoshanda. Zvakanaka. Zvakanaka. Rangarirai, maminetsi mashoma chete—chete.

226 Namatai! Cherechedzai, hama, ino inguva yekuperera. Ino ndiyo nguva yatinofanira kunge tichizvinzvera. Handina kumira pano ndichiita semusetsi. Dai zvanga zviri izvo, ndaizoenda kuartari ndotendeuka. Ndinogona kunge ndichiita semusetsi kune vamwe venyu, asi handirevere kudaro. Ndinoina sekusakwana, pano neapo; handina zvandinogona kuita nezvazvo. Chimwe chinhu chinouya pandiri, chinondiita kuti ndiite saizvozvo, saka handina zvandinokwanisa kuita nezvazvo. Asi mumoyo mangu, hama, ndinoZvitenda nemoyo wangu wose. Kwemakore 20 neanoraudzira ndakaparidza iZvi kuburikidza nepurupiti ino, pasi rose, uye Mwari vakaZvisimbisa nezviratidzo nezvishamiso. Amen. “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Hongu.

227 Zvino akati, “Itai kuti vane zvombo vauye kumberi.” Vakaramba kugamuchira mucherechedzo iwoyo. Zvino akabuda, Titus ndokukomberedza masvingo eJerusarema, ndokumhanyira muguta; vakavaziyisa nenzara imomo, kusvikira vakabika vana vomumwe nomumwe ndokuvadya. Vakadya makwati emuti, huswa kubva pasi. Zvino paya pavakazochirega. . . Titus, paakapinda muJerusarema, akaparadza zvachose zvinhu zvose zvaivemo, akauraya vakadzi, vana, vacheche, vapisita, nezvimwe zvose, ndokupisa guta racho.

228 Uye Jesu akati, “Ichasvika nguva pachazenge pasina kana dombo 1 richasara.”

229 Akati, “Tarisai macathedral edu makuru. Hama, tiri maBaptisti, kana maMethodisti, kana maPentekosti, kana chero zvimwewo.”

Akati, “Hapasi kuzova nedombo richasara pamusoro perimwe.”

230 Zvinoratidza kuti “Mwari havagari mudzimba dzakavakwa nemaoko.” Mwari vanogara mumwoyo yevanhu. “Nokuti Makandigadzirira mutumbi.” Mweya Mutsvene haugari mumba. Unogara mumoyo. Ndiyo temberi. “Hamuzivi here kuti muri temberi dzaMwari mupenyu?” Amen. Ukavaka temberi, wovaka chechi, kutenda kwako kwese kwakavakirwa patemberi yako kana chechi yako, chimwe chifananidzo chemapuranga, uchitora munembo wechikara uye usingazvize. Ndizvozvo chaizvo. Kungombeya nekupedza nguva yako yese, vaparidzi, kuti utsigire sangano rako, uye vakangonanga vachienda chaiko kugehena naro nekukwanisa kwavanogona kuenda.

231 Ndinokuudzai, hama, yave nguva yekuti varume vamuke uye vagoparidza Evhangeri neSimba reMweya Mutsvene,

apo kwese, ngatidaidzei Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Katorike, navose, kumuchinjikwa waJesu Kristu.

²³² Zvino, unoti, mufudzi wekare anotakura huchi, anohuisa padombo. Kana gwai rinorwara rikananzva, raipora.

²³³ Hama, ndine bhegi rese rakatozara nahwo pano, manheru ano. Uye ndichahuisa paDombo, Kristu Jesu, uye makwai anorwara anogona kunanzva otopora. Ndizvozvo. Hama, tererai, handisi kuzohuisa pane chero imwe chechi zvayo. Hahusi hwechechi ipi zvayo. Ndehwe panaKristu. Ndizvozvo chaizvo.

²³⁴ Vari vetsika! “Oo, hongu, tinotenda muna Kristu.” Mabasa ako anoratidza zvaunotenda.

²³⁵ Jesu akati, “Zviratidzo izvi,” z-v-i, cha, “zvichatevera avo vanotenda, kusvikira kumagumo enyika. Uye muZita raNgu vachadzanga madhimoni, votaura nendimi itsva; kana vakabata nyoka, kana kunwa chinhu chinouraya, hazvingavakuvadzi. Kana vakaisa maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora.” Ndizvo zvakataurwa naJesu. Ndiwo maShoko ekupedzisira akabuda kubva pamiromo yaKe. Uye Akatorwa kumusoro Kudenga.

²³⁶ Uye vanhu vanoenda, vachitenda uye vachiparidza kupodza kwaMwari, uye nemasimba aMwari, nyika inovadaidza kuti “kupenga.” Uye Bhaibheri rakati, “Kana vakadaidza Tenzi wemba kuti ‘Bherizebhabhu,’ ko kuzoti vadzidzi vaKe, vanovadana kuti kudii?”

²³⁷ Vapiwa mhosva, hapo vakarara ipapo, vose vakafa zvimwe chetezvo. Asi Josephus akati, “Vanhu ivavo vano. . . mhando yevanhu ivavo—ivavo veChikristu, vakanga vabva kuJerusarema vachienda kuJudhea, uye vakapunyuka kutsamwa kwose uku.” Zvino uyu aive muJudha, kuguma kwemuJudha.

²³⁸ Nokukurumidza zvino, kwemaminitisi mashoma anotevera, ngatipedzei Marudzi, nekukasika chaiko. Ngatizarurei kuna Zvakazarurwa chitsauko 7, apo tichapedzisa mwaka weMarudzi. Toona kana izvi zviriri izvo kana kuti kwete. Ndipo apo muporofita waEzekieri 9 akaporofita kuguma kwezera *iroro*; zvino heunoi Mweya Mutsvene uchiporofita kuguma kwezera *rino*. Nyatsoteererai zvino pandiri kunyatsoverenga.

Uye *shure* kwezvinhu izvi. . .

²³⁹ Zvakazarurwa 7 zvino, “Shure kwezvinhu izvi ndakaona ngirozi 4. . .” Ndivo vatasvi vemabhiza vakabuda, pachitsauko 6, uye kuti vakabuda sei; bhiza bvumbu, nebhiza dema, nebhiza dzvuku, nerimwe rakadaro, izvo, vatasvi ivavo vakanga vari kutasva munyika kwenguva refu.

. . .Ndakaona ngirozi 4 dzimire kumativi 4 enyika, dzakabata mhopo 4 dzenyika. . .kuti irege kuvhuvhuta panyika, kana pagungwa, kana pane muti upi zvawo.

²⁴⁰ Zvino tarisai chiratidzo chaakatanga kuona. “Ndakaona ngirozi 4 dzimire pamakona 4,” nzvimbo 4 dzakapoterredza nyika, ngirozi, yakabata mhengo 4. *Ngirozi* “vatumwa.” Bhaibheri rakataura kudaro. Uye *mhepo* i “hondo nemakakatanwa.” Akanga akabata mhengo 4, pano, . . . ? . . . Zvino tarisai, ndima 2.

Zvino ndakaona imwe ngirozi ichikwira ichibva kumabvazwa, iine (c-h-i-s-i-m-b-i-s-o, basa rekupedzisa, nemamwe mashoko) . . . iine chisimbiso chaMwari mupenyu: zvino yakadana nezwi guru ku . . . ngirozi, . . . dziya dzakapiwa kuti dzikuvadze nyika negungwa,

Ichiti, Musakuvadze nyika, kana gungwa, kana . . . miti, kusvikira taisa chisimbiso pahuma dzavaranda vaMwari wedu.

²⁴¹ Tarisai, ndicharamba ndichiverenga ndichidzika.

Zvino ndakanzwa kuwanda kwavo . . . vakaiswa chisimbiso: zvino kwakaiswa chisimbiso a—a . . . 144,000 vakaiswa chisimbiso ve . . . rudzi rwa—rwa . . . rudzi rwevana veIsraeri.

²⁴² “Verudzi rwaJudha, 12 . . .” uye zvichienda zvichidzika, na “Benjamini,” na “Gadhi,” na “Rubheni,” zvichienda zvichidzika kusvika kuna “Zabhuroni,” uye zvichienda zvichidzika kusvika kumarudzi 12, pakupera kwendima 8. Zvino 12 akapetwa ka 12 chii? [Ungano inoti, “144.”—Mupepeti] 144. “144,000,” maJudha ose. Zvino, tarisai.

Zvino shure kweizvi ndakatarira, uye, ndikaona, mhomho huru, yakange isingagoni kuverengwa nomunhu, vemarudzi ose, mitauro, nendudzi, . . .

²⁴³ Vakabva kupi? Munoono, tinoona apo maJudha iwayo kumagumo; zvino vatumwa pavakapihwa kuti vaende kundoparadza, zvakanzi umu, vakaonekwa uye “vakabata.” Asi ava vakabva kupi, vendudzi dzose, ndimi dzose, nemarudzi? Vakaoneka panzvimbo.

. . . navanhu, nendimi, vamire pamberi peGwayana, napamberi . . . vakange vakapfeka . . . Gwayana, vakapfeka nguo chena, vakabata michindwe muruoko rwavo;

²⁴⁴ Mwenga, Mwenga weMarudzi wakanga waiswa chisimbiso apa. Honai.

Zvino vakadanidzira nezwi guru, vachiti, Ruponeso ngaruwe kuna Mwari anogara pachigaro choushe, nokuGwayana.

Zvino—zvino . . . vatumwa vaive vakamirapo vakakomba chigaro choushe, . . . vakuru, . . . zvipuka 4, . . . vakawira pasi nezviso pamberi pechigaro choushe, vakanamata Mwari,

Vachiti, . . . (Teererai, kana uyu usingaite semusangano weMweya Mutsvene!) A- . . . Maropafadzo, ameni, kubwinya, . . . huchenjeri, . . . kuvonga, . . . kukudzwa, . . . simba, . . . kukwanisa, ngazvive kuna Mwari wedu nokusingaperi-peri. Amenii.

245 Izvozo hazvinzwike seimwe shumiro yetsika yewonekedzano yevapedza dhigirii, kwandiri. Zvakaita sekudururwa kweMweya Mutsvene, wechinyakare, kwandiri. Vanhu ivavo vakanga vari kune imwe nzvimbo; vanoziwa zvekuita pavakaona Gwayana rakagara paChigaro chehushe.

Zvino mumwe wavakuru . . . akati kwandiri, Ava ndivanaaniko . . . uye vakapfeka nguo chena? uye vanobvepiko?

246 Zvino wakaziva maJudha ose, asi ava vakabvepi, “marudzi ose, ndimi, nemarudzi?” Tarisai.

Ndikati kwaari, Changamire, ndimi munoziva. (Johane akati, “Handitomboziva.”) Zvino akati kwandiri, . . .

247 Ava ndivo vaya vaiva neZviya, ndinodaira kudaro. Zvakanaka.

. . . Ava ndivo vanobuda mukutambudzika kukuru, (vakanzi “muumburuki mutsvene,” vakanyombwa, vakatambudzwa, vakasekwa) . . . vakabuda mukutambudzika kukuru, uye vakasuka nguo dzavo, uye vakadzichenesa muropa reGwayana. (Tarisai!)

. . . vari pamberi pechigaro choushe chaMwari, . . .

248 Mudzimai anogara kupi? Mambokadzi anogara kupi? Ndiwo Mwenga, Mwenga weMarudzi.

. . . uye vanomushumira masikati nousiku mutemberi: . . .

249 Mudzimai wangu anondishumira pamba, siku nesikati. Maona? Ndiwo Mwenga waJesu; ndiwo Mwenga weMarudzi.

. . . naavo vanogara pachigaro choushe vachagara pakati pavo.

Havachazoyi nenzara zvachose, . . .

250 Hareruya! Mazuva ekushanda apera. Zvinoka, takapotsa kudya kwakawanda, asi hatizombofa takapotsa kumwe Ikoko. Amenii.

251 Ndinoziva amai vangu vanonzwisa urombo, vadiki, vachembera vagere pano manheru ano. Zvino ndakavaona vachisimuka kubva patafura. Tainwa kofi nechingwa chinenge chashata. Vaiidira, voisa shuga. Uye pasina zvinokwana munhu wese; vana vaichema, uye vosimuka voenda. Asi hatisi kuzofa takazviita Ikoko! Baba vangu musharukwa vakarara pamaoko angu, mhiri kwemugwagwa, uko, ndokufa, vaine nzara.

252 Asi hatisi kuzombozviita zvakare. Hareruya! Kwete, changamire. Hakuchinazve kuva nenzara.

Havasi kuzoziyazve nenzara, kana kuzova nenyota . . .
uye zuva harizopenyi pavari, . . .

*nokuti Gwayana riri pakati pechigaro choushe
richavapa zvekudya, uye richavatungamirira
mumatsime emvura youpenyu: uye Mwari
achapisika. . . misodzi yose kumeso avo.*

253 Vanogona kuti vacheme zvishoma nokuenderera, kana Mweya Mutsvene wauya. Asi Mwari vachapukuta misodzi yose pameso ako.

254 Tarisai, vakaona “ngirozi 4 dzimire pamakona 4, dzakabata mhengo 4.” Nokukurumidza zvino. Nguva yangu yakwana, asi regai ndisvitse pfungwa iyi kwamuri, ndisati ndavhara. Tarisai, akaona ngirozi 4. Akaona kuvharwa kwechечи yechiJudha, kuti akavaona sei vachiuya, vamwe chetevo, achiuya nezvombo zvake zvakuuraya nazvo, hondo iyoyo.

255 Zvino tarisai. Ko Chechi yeMweya Mutsvene yakagamuchira mucherechedzo wemhando ipi, semucherechedzo pahuma dzavo? Waiva chiratidzo chemweya. Mweya Mutsvene wakavaisa mucherechedzo. Ndizvo here? Haana kumboisa manyorwa pamusoro wavo, Akadarro here? Kwete.

256 Havana kupihwa mhosva neimwe nyika isinganamate. Vakapihwa mhosva nevekawo ivo. Munoono zvandiri kureva? Chechi yechokwadi yaMwari mupenyu ichapihwa mhosva nemaKatorike nemaProtestanti, nokuti vachabatana pamwe chete. Vatova pamwe chete sevamwe, saamai nemwanasikana.

257 Asi ava, *pano*, vakanga vasina. Zvino, tarisai zvaAkaita. Akati, “Isa mucherechedzo pahuma dzavo.” Waiva mucherechedzo werudzii? Ndichakuverengerai, Mabasa 2. “Vose vaiva muhumwe panzvimbo imwe. Zvino pakarepo pakauya ruzha, Mutumwa achibva Kudenga.”

Unoti, “Mutumwa aive ruzha?”

258 Chaive chii, chakaenda mberi kwaDhavhidhi, paakanzwa ruzha rwemashizha, mashizha emuhabhurosi, husiku ihwohwo paaitya kungoenda mberi? “Akanzwa inzwi richibva Kudenga semhengo inovhuvhuta nesimba,” Mwari vachienda mberi kwavo.

259 “Zvino chiriporipo kwakaonekwa kwavari Mweya Mutsvene neSimba.” Vakabuda ndokuenda kunze mumigwagwa, vachisvetuka-svetuka nekujamba, nokutaura nendimi, nokukakama kwemiromo, uye vachidanidzira, nekuiita sechidhakwa, uye munhu wese achingofara nekurumbidza Ishe Mwari. Handizvo here?

260 Ndiwo maitiro anoita Mwari paVanotumira Simba raVo pasi nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvino Wakapinda imomo chaimo, Mharidzo ikafambira mberi! Hareruya! Zvino

vakadanidzira nokuzhambatata, nokutaura nendimi, vakabuda kunze ikoko. Zvino ndiwo waiva mucherechedzo uyo Mwari vakaisa pavanhu. Ndizvo here? Mwari vakaisa mucherechedzo, uye ndiyo mhando yemucherechedzo uyo Mwari vari kuzoisa pavanhu vaVo nhasi uno. Chisimbiso chimwe chetecho chaMwari chakaenda pavari ipapo, pasi perubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, chaive Chisimbiso chaMwari.

²⁶¹ Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu, chechi. Bhaibheri rinotaura kuti mucherechedzo waMwari, muzuva iroro, rwaiva rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Chisimbiso chaive pavanhu, chaivasiyanisa nevamwe, rwaive rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ndizvo here? Testamende Itsva yakati, muna Vaefeso 4:30, kuti Mweya Mutsvene ndiwo Chisimbiso chaMwari, kuvanhu mumazuva ekupedzisira, kusvika kumagumo enyu eKusingaperi. Ndizvo here? Zvino Mweya Mutsvene waive uri raiti.

²⁶² Zvino, takava nezera reMethodisti, tikava nezera reBaptisti, tikava nokururamiswa, ndokuva nokucheneswa. Takava nezvinhu zvose izvi, zvichiuya.

²⁶³ Uye makore angangoita 40 akapfuura, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwakatanga kuzivikanwa muUnited States. Ndizvo here? Makore angaita 40 akapfuura, apo vanhu vakatanga kugamuchira. . .

²⁶⁴ Zvino, vaisikudaidza kuti basa rechipiri rechokwadi renyasha, kucheneswa. “Kucheneswa,” ndizvozvo.

²⁶⁵ Mudziyo unofanira kutanga watorwa, wanhongwa. Wose uzere nemadhaka. Waruramiswa, nokuti mu—munhu uyu aunhonga.

²⁶⁶ Chinhu chinotevera, unofanira ku—kusukwa nekukweshwa. Izwi rokuti *kucheneswa* rinoreva “kusukwa, nekuiswa parutivi kuitira basa.” Asi “kuiswa parutivi *kuitira* basa” hazvireve kuti uri *kuita* basa racho.

²⁶⁷ Uye zvakare Jesu akati, “Makaropafadzwa imi kana muine nzara nenyota yekururama, nekuti muchagutswa.” Munoono, Mweya Mutsvene wakauya pamutendi akacheneswa, chaiye, wechokwadi, akacheneswa. Uye zviratidzo nemashura zvakatanga kuzviratidza apo mudziyo iwoyo wakacheneswa pawakangoita zvakanaka, uye Mweya Mutsvene wakapinda mauri. Munoono zvandiri kureva?

²⁶⁸ Haukwanise kuburitsa mafuta kubva mubhodhoru iroro kunze kwekunge muine mafuta imomo, zvisinei kuti bhodhoru racho rakachena zvakadii. Haukwanise kuunza kutaura nendimi, nekupodza kwaMwari, neMasimba aMwari, kubva mune chimwe chinhu chisina chinhu machiri. Mweya Mutsvene waifanira kuunzwa, zvino.

269 Tarisai, makore angangoita 40 akapfuura...Ngatifungei kumashure. Tinotarisa, kwese-kwese...Nyatsocherechedzai. Pakange paine mutongi mukuru akabuda, Hondo Yepasi rose Yekutanga; kekutanga munhorondo yepasi rose, hondo yepasi rose. Yakanga ichitangira kupi? Yakananga ichipinda kuGermany. Chii chakaitika? Zvinoshamisa, hapana anoziva, kusvika nhasi, kuti yakamira sei. Hapana anoziva. Verengai *Kupera Kwehondo Yepasi Rose*. Mabhuku ayo ose, ndakaiverenga. Hakuna munhu mumwe chete...Chinhu chimwe chete chavanoziva, pakava nerairo yakauya yekuti, "Sarendai!" Hapana anoziva kuti ndiani akazvitaure. Sei?

270 O Mwari! Muchandidana henyu kuti "muumburuki mutsvene," zvisinei, saka regai nditongoita hangu semanzwiro angu. Tarisai! Ndinotenda zvikuru neMweya Mutsvene nekuva pano papuratifomu, kuti uzarure.

271 Cherechedzai. Honai. Vakabuda, mhengo yose ichiuya panyika, zvombo zvechizvino-zvino, zvokuparadza zvachose zvinhu zvese muhondo yenyika. Asi, kamwe-kamwe, yakamira. Zvakazarurwa chitsauko 7, inoti, "Ndakaona Vatumwa 4 vachiburuka nezvombo zvavo zvekuuraya nazvo. Zvino kwakaenda mumwe murume achibva kumabvazuva, ane Chisimbiso chaMwari mupenyu, akati, 'Batai mhengo 4.'"

272 "Ibatei," sei? MaJudha havasati vava munzvimbo yavo chaiyo. Girori! MaJudha haasi panzvimbo chaiyo, ndiyo karenda yaMwari. Vakavaudza pavaizenge vakamira ikoko, Akati, "Pamunoona muonde wotungira matavi, zivai kuti nguva yava pedyo." Uye pamunoona maJudha achidzokera kuParastina, zivai kuti nguva yava pedyo. "Chizvarwa ichi hachizopfuura kusvikira zvinhu zvose zvaitika." Uye, hama, mumakore 7 akapfuura ndiko kekutanga mureza wechiJudha wakambobhururuka, mumakore 2,000, pamusoro peJerusarema; hongu, makore 2,500. Ameni. MaJudha akange asiri ikoko chaiko kwazvaigona kuitwa, asi Akati, "Batai! Batai!"

273 Ko sei, ko sei "batai"? Tarisai, paive nemamwe Marudzi, pakati pezera raWesley nezera rePentekosti, vaifanira kupinda. Pentekosti isati yapinda muZera reChechi yeRaodhikia, paiva "nesuwo rakazaruka" rakaiswa pamberi pechechi; suwo rakazaruka, kuna, "Ani naani anoda ngaauye kuzonwa kubva muTsime remvura dzeHupenyu pachena." Suwo rakazaruka, rakaiswa. Oo, ini zvangu!

Uye Akati, "Ibatei!" Nemhaka yei?

274 Jesu akati, "Mumwe murume akabuda ndokushanda. Uye mumwewo murume akabuda, mune imwe nguva, ndokushanda. Mumwezve murume akabuda ndokunoshanda. Uye mumwewo murume akabudazve paawa yechi 11. Zvino wakati amira paawa yechi 11, akapa mumwe nemumwe mugove wakaenzana, newepaawa yechi 11."

Zvakavanetsa kuti sei. “Sei iye, akawana awa yechi 11, munhu wose achipinda?”

²⁷⁵ VaMartin Luther vakashanda, vakafamba pasi pemwaka waLuther, vakafira munyasha! . . .? . . .vamwe, maMethodisti aidanidzira, vakafa pasi pezera raWesley, vakafira munyasha. Tiri kurarama mune rimwe zera, kwete kumashure ikoko. Pano! Amai vaiwanzofamba nengoro yemombe, uye isu tinofamba tiri mu Ford V-8, potse tinotofambiswa rejeti. Ndizvozvo. Tiri kurarama mune rimwe zera rakasiyana, zvachose. Uye tiri kurarama mumwaka wakasiyana. Tiri kurarama muzuva rekudzoreredzwa kweMasimba aMwari, uye ipo pano tinooona Simba raMwari sezvavakaita pakutanga. Tiri kurarama mune rimwe zera. Musatarise kumashure uko kuna Wesley, Methodisti, navose ivavo, Baptisti, nePresbyteriani. Tarisai pano kuna Jesu Kristu, Muvambi neMukwanisi weKutenda kwemuBhaibheri. Hareruya!

²⁷⁶ Zvino Mutarisei, akati, “Ibatei,” kusvikira (chii?) vanhu veawa yechi 11 vakwanisa kupinda, kudanwa kwekupedzisira kweMarudzi. Amai vakashanda *ikoko*; baba nevamwe vakashanda *kuno*; mbuya vakashanda shure *ikoko*. Rino izera redu, awa yechi 11. Iyoyo Hondo yePasi rose yakamira mumwedzi wechi 11 wegore, zuva rechi 11 remwedzi, awa yechi 11 yezuva, uye miniti yechi 11 muawa iyoyo; kuti vanhu venguva yechi 11 vagopinda, (chii?) vagamuchire rubhabhatidzo rumwe chete rweMweya Mutsvene rwavakava narwo kumashure *uku* pakutanga, kudzosa Simba nerumuko rwaIshe Jesu Kristu, zviratidzo nezvishamiso zvimwe chete.

²⁷⁷ Chii ichocho? Hondo dziri kurwiwa *apa*, dzichirwiwa *apo*, dzichirwiwa *apa*, dzichirwiwa *apo*, kuyedza ku. . .Mabhomba eatomiki nezvimwe zvese zviru kugadzirwa, asi havakwanise kuzviita. Havakwanise kuzviita kusvikira maJudha ashanyirwa nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Mutumwa uyu akati, “Ibatei, kusvikira taisa chisimbiso pavaranda,” kwete Mwenga. Marudzi haana kumbobvira akava muranda; tiri vanakomana nevanasikana. Ava ndivo varanda, maJudha. Abrahamu akanga ari muranda waMwari. Hareruya! Zvino, zviuru nezviuru nezviuru zvemaJudha. Mwari vakaomesa moyo waFarao, kuti vavadingire kuParastina. Mwari vakaomesa moyo waHitler, moyo waMussolini, moyo waStalin. Ari kusundira nechisimba, kupinza muParastina, asingazive zvaari kuita, achishanda ari mumaoko aMwari chaimo.

²⁷⁸ 144,000 ivavo vachamirapo. Zvino rimwe ramazuva ano, mumwe muporofita waMwari, mutsvene, akazodzwa waMwari achendako nezviratidzo nezvishamiso. MaJudha iwayo vachati, “Ndizvo zvandiri kutsvaga.” Hongu, changamire. Uye Mwari vachabhabhatidza maJudha 144,000.

²⁷⁹ Uye Kubvutwa kwobva kwauya; zera reMarudzi richaguma.

Bhomba reatomiki richaputika rotora nyika. Uye Chechi yeMarudzi ichabvutwa, kuti imire ipapo muHupo hwaMwari. “Ndivanaani ava vanobuda mukutambudzika kukuru? Vakasuka nguwo dzavo muRopa reGwayana. Vari pamberi paMwari, vasina gwapa.” Amen.

²⁸⁰ Munembo wechikara, mubatanidzwa; machechi, chiKatorike, ose akasunganidzwa pamwe chete, anopinda munyonganyonga. Vakasara, Mwenga weMweya Mutsvene.

²⁸¹ Zvino vanhu nhasi vari kuseka kutaura nendimi, vari kuseka kupodza kwaMwari, vari kuseka chiporofita, vari kuseka kuratidzwa kweMweya; uye mweya mumwe chete wakabata maJudha iwayo kumashure uku, vakamhura Mweya Mutsvene kumashure uko, uye vakafira pasi pemutongo waMwari. United States ino yakananga kunotongwa naMwari, pasi peSimba reMweya Mutsvene. Vakapomera, uye vakaseka, ndokubuda, uye vakatidaidza kuti “vaumburuki vatsvene” nezvimwe zvakadaro. Asi nguva yasvika, apo Mwari vachadurura kutonga kwaVo Kutsvene. Amen.

²⁸² Gadzirirai. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...?...Nzvimbo yoga yakachengeteka iripo nhasi iri muna Kristu Jesu. Mwari vakuropafadzei. Kana usiri mukati, shingaira kusvika wapinda. “Avo vari muna Kristu Jesu Mwari vachavaunza pamwe naYe muKuuya kwechipiri.”

²⁸³ Pasina Chisimbiso chaMwari, runova rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, mubatanidzwa wekurasika ndiwo munembo wechikara. Iyi iZVANJI NAJEHOVHA. Munoono zvandiri kureva? Asi vadzidzisi vechinamato ava vari kuedza kuuisa pacommunism, ivo vasingazive kuti uri kushanda pakati pavo chaipo. Akati, “Vachava vatungamiriri mapofu vemapofu.” Akati, “Vachava nemeso, asi vasingaone.” Akati, “Imi, nemutsika dzenyu, munotaura dzidziso dzevanhu, muchiita mirairo yevanhu, muchiita kuti mirairo yaMwari ishaiwe maturo.”

²⁸⁴ Munoseka maKatorike nekugadzira katekazi yavo, uye varume venyu vanoenda kumusoro uku chaiko kumusanganano kana chimwewo chinhu, voita sarudzo yekuti vangagamuchira here kupodza kwaMwari, kana rubhabhatidzo rweMweya, nezvinhu izvi. Uye vanoZvishora nokuZviramba. Uye munoseka maKatorike. Hamuna kodzero yekuseka maKatorike. Nokuti, kana yaiva “CHIPFEVE,” Bhaibheri rakati imi muri “MHOMBWE,” mumubatanidzwa mumwe chetewo.

²⁸⁵ “Budai kubva mazviri, vanhu vaNgu! Ivai makapatsanurwa,” ndizvo zvinotaura Mwari, “uye Ndichakugamuchirai kwaNdiri.” Ndizvozvo.

²⁸⁶ Oo, ko sei Branham Tabhenakeri iyi isingabudi kubva mukuunyana kwedu? Ndinoda kuziva kana imi vanhu vepano muchitenda Evhangeri iyi. Uye Yakaparidzwa, uye makaIona,

zviratidzo nezvishamiso, uye zvikasimbiswa. Uye zvose zvakataurwa naShe, zvakaitika. Zvino, chii chiri kunetsa pano, pandinonzwa kuti pane kukakavara pakati penyu, pandinonzwa kuti pane makakatanwa? Ndinoda kuti munyore zviru kukunetsai, zviru pamoyo penyu, mozviisa papurupiti yepapuratifomu ino, mangwana manheru.

²⁸⁷ Ndinoda kuona kuti sei chechi ino isingagone kutakurwa neSimba raMwari, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, nezviratidzo nezvishamiso. Chii chiri kunetsa? Mufundisi wenyu anoZvitenda. MunoZvitenda. Saka, chii chiri kunetsa pano? Pane chimwe chinhu chisina kumira zvakana. Ino inofanira kuva imba yechiedza yepasi rose. Ino inofanira kuva nzvimbo iyo Masimba aMwari, uye kuungudza nokuchema, nekutsvaka Mwari, kuchifanira kunge kuchitika, siku nesikati. Sei tisiri kukwanisa kuva nazvo?

²⁸⁸ “Ini ndinoda, asi imi hamudi,” akadaro Jesu. “Hamuna kudaro. Huyai mutenge kwaNdiri.”

²⁸⁹ “Ndinoziva kuti munoti,” Akadaro, “muri ‘vapfumi, vasingashaiwi chinhu,’” achitaura kumachechi. Akati, “Munoti, ‘Ndakapfuma, uye handishayiwi chinhu. Tiri sangano rakawedzera kukura.’ Uye hamuzivi kuti munosuwisa, muri murombo, makasuwa, muri bofu, uye hamuna kusimira, uye hamuzvize.” Kana murume ari mudambudziko iroro uye achizviza, achazvibatsira. Asi, kana uri saizvozvo, “uye usingazvize!” Zvino Kristu akataura kuti machechi muzuva rino anozonge akadaro, uye asingazvize.

²⁹⁰ Peputsa munhu wako wemweya, mudikani wangu, hama inodikanwa. Peputsa munhu wako wemukati, tingati, nemunamato, uye woti, “Ishe Jesu, ndiongororeiwo. Ngandizvinzvere manheru ano, ndisati ndaenda kunorara, ndigoona kuti chii chiri kunetsa pandiri. Ndave nemakore ndichipupura, uye handisi kuona zvinhu izvi zvakataurwa naJesu. Kutu Aizova neni, uye zvinhu izvi zvaizoenderera mberi, handisi kuzviona. Dambudziko nderipi, Ishe Jesu?”

²⁹¹ Iva wakatendeseka. Iva wakaperera. Dzika zasi ugotaura naYe, sokutaura kwaungaita wakatarisana neimwe hama. Achakuzarurira. Achakuudza. Obvarura mweya wako, wouisa kunze uko. Iti, “Ishe Jesu, kana zvikanditorera mhuri yangu, kana zvikanditorera hupenyu hwangu, kana zvakanditorera basa rangu, kana zvikanditorera kuva nhengo kwangu, kana zvikanditorera mukurumbira wangu muguta, ndichafamba nzira nevashoma vanozvidzwa vaJehova.”

²⁹² Zvino rangarirai, Jesu akati, “Suwo rakamanikana, nenzira inhete, uye asi vashoma vachaiwana. Nokuti yakapamhama nzira inoenda mukuparadzwa.” Imwezve miriyoni muna ’54, “Suwo rakafara rinotungamirira mukuparadzwa, uye pachava nevashinji vachanopinda nemariri.” Ndizvozvo chaizvo. “Uyo

anorasikirwa nehupenyu hwake nokuda kwaNgu achahuwana. Uyo anoda baba, amai, hanzvadzi, mukoma, kana chero chimwe chinhu, kudarika iNi, haana kukodzera kudanwa kunzi waNgu. Achaisa ruoko rwake pagejo uye ofambira mberi, kunyange kutocheuka kuti atarise kumashure, haana kufanirwa nenguva yacho.” Hama!

²⁹³ Rimwe ramazuva ano, mharidzo yekupedzisira yeEvhangeri yakazodzwa yoMweya Mutsvene ichaparidzwa. Rimwe remazuva ano, pfuti yekupedzisira icharira. Rimwe ramazuva ano, rwiyo rwekupedzisira rwuchaimbwa. Rimwe remazuva ano, munamato wekupedzisira uchanamatwa. Rimwe remazuva ano, mikova yetabhenakeri ichavharwa kekupedzisira, Bhaibheri richavharwa papurupiti. Uye uchamira muHupo hwaMwari, kuti uzvidavirire pane zvawanzwa manheru ano. Zvozodini ipapo? Zvozodini ipapo? Kana Bhuku guru razarurwa, zvozodini ipapo? Kana husiku hwanhasi hwoburitswa pachena, zvozodini ipapo? Oo, sezvinorehwa nerwiyo kuti:

Zvozodini ipapo?

Kana Bhuku guru ravhurwa, zvozodini ipapo?

Kana avo vakaramba Muponesi nhasi uno,

Vachabvunzwa kuti vape chikonzero—

Zvozodini ipapo?

²⁹⁴ Basa rako rakamira munzira yako. Vabereki vako vakamira munzira yako. Mukomana wako akamira munzira yako. Musikana wako akamira munzira. Chechi yako yakamira munzira.

Zvozodini ipapo? Zvozodini ipapo?

Kana Bhuku guru razarurwa, zvozodini ipapo?

Kana avo vari kuramba Mharidzo iyi manheru ano,

Muchazo, bvunzwa kuti mupe chikonzero kuti—Zvozodini ipapo?

²⁹⁵ Muchaita sei nazvo? Munoziva kuti munembo wechikara chii. Munoziva kuti Chisimbiso chaMwari chii. Zviri kwamuri.

Dai Ishe vakuropafadzai, tichisimuka zvedu.

²⁹⁶ Baba veKudenga vane mutsa, regai tsitsi dzeNyu nemaropafadzo zvine pavanhu ava. Regai Mweya weNyu ufambe. Uye regai Mweya Mutsvene weNyu uwire pamusoro pavanhu ava, uye muvape, Ishe, rubhabhatidzo rweMweya. Dai murume nemudzimai wese, mukomana nemusikana, vari muno, dai vakanyatsotakurwa manheru ano, neMweya Mutsvene, zvekuti vachati, “Mwari, torai zvole zvandinazvo. Torai zvole zvandiri. Asi, regai ndiKushumirei, Ishe wangu. Ndichaisa parutivi zvole. Ndichazviramba pachangu. Ndichasiya kuzvikudza. Ndichasiya chechi. Ndichasiya zvese.”

²⁹⁷ Kwete kuti vanofanirwa kubuda muchechi yavo, Ishe, asi vanofanirwa kubuda muchinhano chavari kurarama

machiri. O Mwari, tumirai maMethodisti adzokere kuchechi yavo, vachipfuta moto, kunoparidza Evhangeri; tumirai maBaptisti adzokere, tumirai maCampbellites adzokere, tumirai maKatorike adzokere. Ishe Mwari, tumirai mumwe munhu kubva muBranham Tabhenakeri pano, adzoke kutabhenakeri pano, aine mweya munyoro, wakaninipa, uchaenda kundotaura, nerudo, nokuedza kuita kuti vanhu vave muhumwe zvakare, kuitira kuti Mweya Mutsvene ukwanise kupinda ugoshandisa vanhu. Tumirai zviratidzo zvikuru nezvishamiso. Zodzai mutendi wese. Regererai zvivi zvose.

²⁹⁸ O Mwari, tinoona zviratidzo zvichionekwa. Tinoona muonde uchibukira. Tinoziva kuti nguva yava pedyo. Tinoona bhomba riya riri mumaoko emurume chaiye waMakati akapihwa kuti agoparadza pasi rose.

²⁹⁹ O Mwari, tingaramba sei zvakare? Tingagodaro sei? Apo, tinonzwa Vhangeri reNyu rakaropafadzwa richirira zvinonyatsonzwika; tichinzwa Mweya Mutsvene uchifamba; tichiona Mweya Mutsvene uchipa zviratidzo nezvishamiso; uchipodza vanorwara, uchisvinudza meso asingaoni, uchidzoreredza hupenyu kune vakafa; zvishamiso zvikuru nezviratidzo; Evhangeri ichiparidzwa nevanhu vasina kudzidza, vasina chavanoziva, ichiparidzwa pasi peSimba nekuratidzwa kweMweya Mutsvene; zviratidzo nezvishamiso zvichitevera chechi. Zvikuru sei!

³⁰⁰ Makati, “Dai maiziva Mosesi, mungadai makaziva zuva raNgu.” Hareruya! Ndizvo zvazviriwo nhasi, Ishe. Vanoona marudzi ose ezviratidzo, ehondo nematambudziko, nezvose. Ngavavhure mapeji eBhaibheri rinodikanwa rekare, uye vagoona chikwangwani chechinambwe chacho pachiri. Tava kumagumo kwezera.

³⁰¹ O Mwari, fambaisi Mweya weNyu pamusoro pevanhu ava. Uye pavanofamba vachibva pano, manheru ano, dai Mweya Mutsvene ukafamba navo.

³⁰² Uye mangwana manheru, Ishe, patichazosvika pakudanira vanhu kuartari kukuru uku kwatiri kugadzirira kuita, tinonamata kuti maartari azare chaizvo, dzimba dzekunamatira dzinge dzakazara.

³⁰³ Uye dai, Svondo mangwanani, Ishe, neSvondo manheru, tabhabhatidza vanhu pano maringe neShoko raMwari. Uye dai Mweya Mutsvene wawira pamusoro pemvura iyoyo, uye uchiita zviratidzo nezvishamiso zvikuru. Zviiteiwo, Baba.

³⁰⁴ Ropafadzai mufundisi wedu anodikanwa pano. Ropafadzai nhengo. Ropafadzai vatorwa vari musuwo redu. Dai tikaenda kumba manheru ano tonofungisisa zvinhu izvi mumoyo yedu; todzoka mangwana manheru, tichifara, tichiuya tiine zvisote. Tinokumbira muZita raJesu Kristu. Amen.

³⁰⁵ Ishe Jesu Kristu ngavaropafadze mumwe nemumwe wenyu. Kwazisanai maoko. Dzokai mangwana manheru, muchiunza zvikumbiro zvenyu nezvamuri kuda, mozviisa papurupiti. Mwari ngavakuzodzei nguva dzose, vave nemi! Amen. Mwari vakuropafadzei. 🙏

54-0514 Chisimbiso ChaMwari
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org